**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG`I MİNİSTRLİGİ**

**Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti**
**No`kis filialı**

**Agronomiya ha`m awıl xojalıg`ın mexanizatsiyalastırıw fakul`teti**

**«Diyxanshılıq ha`m melioratsiya tiykarları»**
kafedrası

Bakalavr 5410200 – **«Agronomiya»** ta`lim bag`darı
4-kurs studenti

# ALLAMBERGENOVA AL`FİYANIN`

# “Topıraq o`nimdarlıg`ı ha`m g`awasha zu`ra`a`tligine organikalıq to`ginnin` ta`siri”
atamasındag`ı

# PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI

Basshı: TashMAU No`kis filialı
«Diyxanshılıq ha`m melioratsiya tiykarları»
kafedrası professorı,
a/x.i.d. __________ U.E.İsmaylov

**Pitkeriw qa`niygelik jumısı ko`rip shıg`ıldı ha`m qorg`awg`a jiberildi**

«Diyxanshılıq ha`m melioratsiya tiykarları» kafedrası
baslıg`ı, dotsent
___________ A.Djumanazarova
2015 jıl «____» ___________

«Agronomiya ha`m awıl xojalıg`ın mexanizatsiyalastırıw» fakul`teti
dekanı, b.i.k.
___________ N.Absattarov
2015 jıl «____» ___________

**No`kis – 2015 j.**

# MAZMUNI

KİRİSİW ……………………………………………………….…..... 3
I. TEMAG`A BAYLANISLI A`DEBİYATLARDAN
MAG`LIWMATLAR ………………………………………………….... 5
II. QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASININ` TOPIRAQ
HA`M KLİMAT JAG`DAYLARI, G`AWASHANIN`
BİOLOGİYaLIQ O`ZGEShELİKLERİ ……………………………... 21
2.1. Topıraq ha`m hawa rayı jag`dayları …..………………….. 21
2.2. G`awashanın` biologiyalıq o`zgeshelikleri …………… 24
III. TİYKARG`I BO`LİM ……………………………………………..... 27
3.1. Meteorologiyalıq jag`daylar ………………………........ 27
3.2. Ta`jiriybe o`tkeriw usılı ha`m sxeması ………………... 28
3.3. G`awasha agrotexnikası ………………………………….. 30
3.4. Ta`jiriybe atızında g`awashanin' ko`gerip shıg`ıw
dinamikası ……………………………………………..... 35
3.5. G`awashanın` o`siwi ha`m rawajlanıwına organikalıq
to`ginnin` ta`siri ………………………………………….. 36
3.6. G`awasha zu`ra`a`tligine organikalıq to`ginnin`
ta`siri …………………………………………………….... 39
3.7. Organikalıq to`ginnin` topıraq o`nimdarlıg`ına
ta`siri …………………………………………………….. 40
3.8. Topıraq mikroorganizmlerinin` rawajlanıwına
organikalıq to`ginnin` ta`siri …………………………….. 45
IV. JUWMAQLAR ………………………………………………………….. 46
V. İNSAN O`MİRİ QA`WİPSİZLİGİN QORG`AW ………….............. 47
VI. PAYDALANILG`AN A`DEBİYATLAR ………………............ 51

# KİRİSİW

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 2011 jıldın` juwmaqları ha`m 2012 jıldın` en` a`hmiyetli bag`darlarına bag`ıshlang`an “2012 jıl Watanımızdın` rawajlanıwın jan`a basqıshqa ko`teretug`ın jıl boladı” atlı bayanatında Prezident İ.Karimov - “Elimizde o`tken jılı 6,8 mln t g`a`lle, 3,5 mln t. paxta, 8,2 mln t. baw-baqsha ha`m palız o`nimleri jetistirildi.

Usının` menen birge, biz awıl xojalıg`ı salasında birinshi gezekte topıraqtın` o`nimdarlıg`ın arttırıw ilajların ko`riw, barlıq agrotexnikalıq ilajlardı o`z waqtında orınlaw, zamanago`y agrotexnologiyalardı engiziw, selektsiya ha`m tuxımgershilikti bunnan bılayda rawajlandırıw, miynetti sho`lkemlestiriw ja`ne xoshemetlew menen baylanıslı elege deyin iske qosılmag`an u`lken imkaniyatlardın` bar ekenin ta`n alıwımız za`ru`r”.

Prezidentimiz o`z bayanatında ayırım fermer xojalıqları awıl xojalıq eginlerinen to`men zu`ra`a`t alıp atırg`anlıg`ın ha`m ele de ulıwma o`nimdi arttırıw mu`mkinshilikleri bar ekenligin atap o`tti.

Respublikamız agrar respublika bolg`anlıqtan ekonomikanın` tiykarı awıl xojalıg`ı esaplanıp, bunda diyxanshılıqtın` tiykarg`ı tarawı paxtashılıq a`hmiyetli orın tutadı.

Paxtashılıqtı rawajlandırıw, yag`nıy ha`r bir gektardan alınatug`ın zu`ra`a`tlikti arttırıw, o`nimnin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıw awıl xojalıg`ı tarawında islewshi ilimpazlar ha`m diyxanlarımızdın` tiykarg`ı wazıypası esaplanadı.

Egislik jerlerimizdin` o`nimdarlıg`ı to`men, meliorativlik awhalı talapqa tolıq juwap bermeydi, hawa rayı keskin kontinental, yag`nıy qısı suwıq, jazı ıssı bolg`anlıqtan awıl xojalıq eginlerinen joqarı zu`ra`a`t alıwda paxtakeshlerimiz ko`p qıyınshılıqlarg`a ushırasadı.

Usınday jag`dayda ilim jetiskenliklerin ha`m o`ndiris ta`jiriybelerinen paydalanıp g`awasha agrotexnikasın ha`r jılı topıraq-klimat jag`dayına ha`m g`awasha sortına sa`ykes jetilistirip barıw arqalı erisiwge boladı.

G`awashanın` o`sip rawajlanıwı ha`m zu`ra`a`t toplawına aytarlıqtay ta`sir etiwshi agrotexnikalıq ilajlardın` biri bul g`awashanın` azıq rejimi. G`awashanı mineral to`ginler menen azıqlandırıw topıraq jag`daylarına ha`m g`awasha sortına baylanıslı. G`awashanı mineral to`gin menen azıqlantırg`anda onın` norması, qollanıw mu`ddetine a`hmiyet berilmese onnan ku`tilgen na`tiyje alıwg`a bolmaydı.

Biz Xojeli rayonı oqıw ta`jiriybe xojalıg`ında 2012 jılı g`awasha egip onı organikalıq to`gin menen azıqlandırıwdın` ha`r qıylı normaların sınap ko`riw ha`m g`awasha ushın en` paydalı bolg`an normasın anıqlaw maxsetinde ta`jiriybe o`tkerdik.

# I. TEMAG`A BAYLANISLI A`DEBİYATLARDAN MAG`LIWMATLAR

İlimpazlardın` ko`p jıllıq ilimiy ta`jiriybe juwmaqlarında topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıw, o`simliktin` azıq ha`m suw rejimin jaqsılaw zu`ra`a`tlikti arttırıw ha`m onın` sapasın jaqsılawdın` negizi ekenin tastıyıqlaydı.

Biz ilimiy a`debiyatlardan mag`lıwmatlardı ko`rgenimizde olardı eki tarawg`a bo`lip juwmaq shıg`arıwg`a ha`reket ettik.

- topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıwda, awıl xojalıq eginlerinen alınatug`ın o`nimlerdin` zu`ra`a`tligin arttırıwda almaslap egiwdin` ha`m suw menen ta`miyinlengenlik da`rejesinin` a`hmiyeti;
- almaslap egiw dizimine kiretug`ın awıl xojalıq eginlerinin` a`hmiyeti, olardın` topıraq o`nimdarlıg`ına ta`siri, suw menen ta`miyinleniwinin` g`awasha zu`ra`a`tligine ta`siri;
- almaslap egiwdin` eginlerdin` o`nim sapasına, sonın` ishinde g`awashadan alınatug`ın paxta talshıg`ının` shıg`ımı ha`m onın` texnologiyalıq qa`siyetlerine ta`siri;
- g`awasha zu`ra`a`tligi ha`m topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıwda organikalıq to`gindi qollanıw mu`ddeti, norması ha`m usılları boyınsha ta`jiriybe juwmaqlarında keltirilgen mag`lıwmatlardı ko`rip shıqtıq.

Olardan kelip shıg`atug`ın ulıwma juwmaqlardı o`z ta`jiriybemizden alıng`an mag`lıwmatlar menen ha`r ta`repleme salıstırıp juwmaq jasawg`a ha`reket ettik.

İlimiy a`debiyatlardan mag`lıwmatlar O`zbekistannın` ha`r qıylı topıraq-klimat zonalarındag`ı ilimpazlardın` ilimiy jumısları na`tiyjeleri, Qaraqalpaqstan diyxanshılıq ha`m salıgershilik ilim izertlew institutları ilimpazları o`tkergen ta`jiryibeleri tiykarında alıng`an juwmaqlardan keltiriledi.

Bizin` aymag`ımız hawa rayı keskin kontinentallı, topıraqları shorlang`an, o`nimdarlıg`ı az. Egislik jerler ha`r jılı shayıp suwg`arıladı.

Termik resursları az, ba`ha`rde hawanın` ısıwı kesh boladı, gu`zde suwıq erte keledi. Bunday jag`dayda g`awashadan joqarı o`nim alıwdag`ı sha`rtlerdin` biri bul

onın` optimal egis mu`ddetin anıqlaw ha`m shigit egisin qısqa waqıtta o`tkeriw bolıp esaplanadı.

O`zbekstannın` ha`mme paxtashılıq zonalarında g`awasha agrotexnikasın jetistiriw boyınsha ilimiy jumıslar alıp barılg`an. Bul jumıslar elede dawam ete beredi. Biz a`debiyatlardan mag`lıwmatlar keltiremiz.

Qaraqalpaqstan menen topırag`ı, hawa rayı, jerlerdin` meliorativlik awhalı derlik birdey uqsaslıqqa iye bolg`an oblastlarda o`tkerilgen ilimiy jumıslardın` da juwmaqlarınan paydalanıw maqsetke muwapıq. Olardın` na`tiyjesi g`awasha o`simliginin` o`sip rawajlanıwı, o`nim toplawı, talshıg`ının` sapası, negizinen ıssılıq faktorlarına, qunarlıg`ına, meliorativlik awhalına, texnikalıq ta`miyinleniwi menen tuxımgershiliginin` durıs jolg`a qoyılıwına tikkeley baylanıslı ekenligin belgileydi. Ma`selen, ekologiyalıq faktorlarg`a, hawa rayının` ju`da` o`zgermeli kelip, a`sirese shigit egisi da`wirindegi jiyi-jiyi bolıp turatug`ın jawın-shashınlar egisti o`z waqtında o`tkeriwge, na`ldin` bir tegis erterek ko`geriwin kesent berse, ıssılıqtın` ba`ha`rde erte tu`sip keyin suwıtıp ketiwi na`ldin` siyrek ha`m na`zik bolıp ko`geriwine alıp keledi. Onın` u`stine aprel`, may aylarında temperatura birese ko`terilip, birese to`menlep ketip, alıng`an ıssılıq qorının` paydalılıg`ın pa`seytedi. Al g`awashanın` gu`llew da`wirinde qurg`aq hawanın` tez-tez bolıp turıwı onın` shan`lanıwına zıyan beriw menen gu`l g`umshanın` jalpılamay tu`sip qalıwına sebepshi boladı.

Aral ten`izinin` quriwı hawa rayının` keskin o`zgeriwine alıp keldi, ba`ha`r aylarının` kesh keliwi, a`sirese burın ko`rilmegen retsiz jawın-shashın yamasa ha`dden tıs qurg`aqshılıq bolıwı, jaz aylarının` og`ada ıssı yamasa salqın bolıwı, gu`zdin` erte tu`siwi, ku`shli shamallı shan` tozan`lardın` tez-tez bolıp turıwı diyxanshılıqqa qolaysız jag`day tuwdırmaqta. Sonı da aytıp o`tiwimiz kerek, Qaraqalpaqstan Respublikası yarım qurg`aqshılıq zonada du`n`ya ju`zi paxtashılıg`ının` en` arqa ken`liginde jaylasqan, jeterli ıssılıg`ı az zona. Sonın` ushın ha`r bir paydalı ıssılıg`ı bar (+10$^0$C dan joqarı) ku`nnen aqılg`a muwapıq paydalanıwdı talap etedi. Joqarı zu`ra`a`tlikti iyelew ushın birinshi gezekte g`awasha egiletug`ın egislik jerlerdin` bir tegisligine erisiw, bul bir jılda iske

asırılıwı qıyın. Sonlıqtan ha`r bir fermer xojalıg`ı ha`r jılı g`awasha egiletug`ın maydannın` 20-25% in joqarı sapada tegislep barıwı tiyis.

Shigittin` pisik ha`m maylı bolıwı, hawa ıssılıg`ına, o`siw da`wirindegi ıssılıq da`rejesine, g`awasha tu`binin` birgelikligine dara-dara jaylasıwına, azıq penen o`simliktin` durıs ta`miyinleniwine, topıraqtın` duzdan tazalıg`ına, o`simliktin` bir tegis rawajlanıwına, egilgen g`awashanın` taza sortlılıg`ına baylanıslı boladı. Aytılg`an ilajlardın` taza sortlıqtan basqası eginnin` agrotexnikasına tiyisli bolsa, taza sortlıq elita xojalıg`ının` ha`m paxta zavodlarının` jumıslarına tikkeley baylanıslı. Demek zu`ra`a`tti ko`beytiwdin` baslı faktorlarının` biri jerlerdin` qunarlıg`ı ha`m tuqımlıq shigitlerdin` sapası, egilgen g`awasha sortlarının` taza sortlıg`ı.

Al atızlardı paxaldan tazalaw, gu`zgi su`rimdi sapalı o`tkeriw, jerlerdi shayıp suwg`arıw, egislik tuxımlardı tayarlaw, alıng`an na`llerdi waqtında siyrekletiw, egislerdi jabayı sho`plerden tazalawg`a g`awashanın` qatar arasın kul`tivatsiyalaw, o`siw da`wirinde azıqlandırıw, zıyanlı ja`nliklerge, keselliklerge qarsı gu`resiw, defolyatsiyalaw ha`m terimdi zayalamay o`tkeriw, bulardın` barlıg`ı ha`r jılg`ı zu`ra`a`tke tiykar salıwshı texnologiyalıq protsessler (Erg`abulov, İsmaylov, 2003; İsmailov, 2013).

G`awasha pu`tkil du`n`ya ju`zinde u`lken maydanlardı iyeleytug`ın jetekshi awıl xojalıq egini esaplanadı.

O`zbekstanda paxta xalıqtın` milliy maqtanıshı. G`awashadan joqarı zu`ra`a`t alıw boyınsha usı tarawdag`ı ilimpazlar bir neshe jıllardan beri ha`m ha`zirgi waqıtları onın` agrotexnikası, jan`a sortlar shıg`arıw, zıyankesler, keselliklerine qarsı ilajlar islep shıg`ıw boyınsha ta`jiriybeler o`tkerip en` qolaylı, na`tiyjeli usılların o`ndirsike endirip atır.

Biz g`awasha agrotexnikası boyınsha o`tkerilgen ilimiy a`debiyatlar menen tanısıp shıqtıq ha`m olardan mag`lıwmatlar keltiremiz.

G`awashadan joqarı zu`ra`a`t alıwda agrotexnikalıq ilajlar, tu`p sanı, topıraqtı tayarlaw, qatar arasın tazalaw, azıqlandırıw, suwg`arıw, egis mu`ddetleri sheshiwshi a`hmiyetke iye bolg`anı ushın bir qatar ilimiy ta`jiriybeler o`tkerilgen.

S.Yuldashev, M.Nazarov, J.Utegenovlardın` (1977) izertlewinshe 1 gektar maydanda g`awasha o`simliginin` sanının` asıwı g`awashanın` rawajlanıwına bir qansha irkinish jasaydı.

G`awasha tu`p sanının` artıp barıwı miywe shaqalar sanın, g`o`rek sanın ha`m tolıq bolıwın to`menletedi.

Gektarına tu`p sanı 90 mın` dana bolg`anda g`awashanın` boyı 67,7 sm, miywe shaqası 6,5 dana, g`o`rek sanı 8,5 dana boldı. Bunda mineral to`ginler norması azot 250 kg, fosfor 175 kg, kaliy 125 kg.

A.K.Jalimbetov (1992) QQDİİİ da o`tkergen ta`jiriybesine qarap, shigit egiwdin` optimal` mu`ddetlerin belgilep berdi, bunda tu`p sanı ha`m na`ldin` jaylasıwı ha`m zu`ra`a`tliliktin` asıwı, elita sınawınan o`tken Ch-3010 sortının` Qaraqalpaqstannın` arqa zonasına tuwra keletug`ınlıg`ın atap ko`rsetti.

Ta`jiriybe sonı ko`rsetedi, jerdi egiske tayarlaw erte baslansa ha`m g`awasha tu`p sanı paxta zu`ra`a`ti asadı. Joqarı zu`ra`a`t gektarına 47,7 ts bolg`anda ko`rsetilgen sxema boyınsha egiw 60x15-1 g`awashanın` tu`p sanı gektarına 105,9 mın` boladı, en` kem zu`ra`a`t g`awasha tu`p sanı az bolg`an variantta (50 mın`) egis sxeması 60x30-1 bolg`anda 26,6 tsentnerdi quradı.

Jer astı suwları jaqın topıraqlarg`a 1 gektar maydang`a g`awasha tu`p sanı 110-120 mın` bolsa, egerde 60 sm qatar aralıg`ında egilse egiw sxeması 60x20x1, 90 sm qatar arasında 90x10x1, otlaqlı, ortasha o`nimdarlı topıraqlarda g`awasha tu`p sanı 120-130 mın` tu`p bolıwın usınıs etedi.

Awıl xojalıg`ı ha`m ilimiy xızmetkerler aldında turg`an wazıypa, bul jıldan jılg`a to`menlep baratırg`an topıraq o`nimdarlıg`ın qayta ko`teriw yamasa ornın toltırıw bolıp tabıladı.

Topıraqtag`ı shirindinin` ten` salmaqlılıg`ın ta`miynlew jolların u`yreniw maqsetinde Qaraqalpaqstannın` shor topıraqları jerlerinde arnawlı ta`jiriybeler o`tkerildi (İsmaylov, 1989; İsmaylov, 2004).

Ta`jiriybeler na`tiyjesi Qaraqalpaqstanda jerlerdin` o`nimdarlıg`ın ko`teriw maqsetinde egiletug`ın eginler ishinde jon`ıshqa baslı egin ekenligin ko`rsetti. Jon`ıshqa egini jerlerdi organikalıq zat penen bayıtıp gumus qalın` ta`miynlew

menen o`zinen keyingi eginlerdi azotlı zatlar menen ta`miynlewshi jer astı suwların pa`seytip, zıyanlı duzlardın` azaytıwshı topıraq tu`yirshikligin ha`m onın` quramın jaqsılawshı birden-bir egin.

Qaraqalpaqstan jag`dayında jon`ıshqanı egiwdin` ba`ha`rgi ha`m jazg`ı-gu`zgi mu`ddetleri qollanıladı. Ba`ha`rgi egiste jer tapqa keliwden mart ayında baslaw maqsetke muwapıq boladı. Aprel` ayının` ekinshi yarımında egilse ol arpa yamasa jazlıq biyday menen qosıp egiliwi kerek. Egerde jon`ıshqa jaz gu`z aylarında (avgust-sentyabr`) egiletug`ın bolsa, qara biyday (roj`) menen qosıp egiledi. Kelesi jılı jon`ıshqanın` o`siwi jaqsı boladı.

Paxtashılıq zonasında topıraq o`nimdarlıg`ının` to`men bolıwı tiykarınan g`awashanı uzaq jıllar dawamında bir jerge o`zgertpesten egiw aqıbeti.

Ha`r qıylı, yag`nıy birdey emes g`awasha tu`p sanı g`umshalawg`a shekem hesh qanday o`zgerislersiz rawajlanadı, biraq gu`llewge kelip qalın` egisliklerde bas paqaldın` biyikligi ha`m sanı to`menleydi, al miywe payda bolıw fazasında variantlar arasında ayırmashılıqlar ta`wir-aq sezilerli bolıp, 1 o`simliktin` qurg`aq massası ku`shli tu`rde to`menleydi.

Qaraqalpaqstannın` shorlang`an jerlerinde vilt penen zıyanlang`an atızlarda o`simlik tu`p sanın gektarına 160-220 mın` danada saqlap turıw za`ru`r. Bunda g`awashanın` vilt penen zıyanlanıwı 1,5-2 ma`rtebe azayadı, al g`awasha zu`ra`a`ti gektarına 5-6 tsentnerge asadı (Sultaniyazov, Smetov, 1979)

Bul zonada 60 sm qatar aralıqta o`simliktin` optimal` tu`p sanı gektarına 100 mın`, al 90 sm qatar aralıqlarda 130 mın` boladı.

Ja`ne de tu`p sanı gektarına 160-170 mın` dana bolg`an qalın` egisliklerde 30x15-1 jaylasıw sxeması da usınıladı.

VASXNİL din` Orta Aziya bo`limi ta`repinen usınılg`an usıllarda Qaraqalpaqstan jag`dayında jer astı suwları jaqın jaylasqan otlaqlı topıraqlarda 120-130 mın`/ga, al ku`shsiz topıraqlı atızlarda 140-150 mın`/ga bolıwı ko`rsetilgen.

Topıraqtın` o`nimdarlıg`ın ha`m jetistirilip atırg`an g`awasha sortının` biologiyalıq o`zegeshiliklerin esapqa alg`an halda tu`p sanının` ha`r tu`rliligi

(differentsiyası) boyınsha da usınıslar berildi. Bul usınıslar bu`gingi ku`nge shekem o`z ku`shin saqlap kiyatır.

O`simlikti jetistiriw sharayatına baylanıslı onın` tamır sistemasının` o`siw ha`m rawajlanıw xarakterin biliw o`simliklerdin` ratsional` jaylasıwın ta`miynlew ushın u`lken a`hmiyetke iye boladı ha`m to`ginlerdi durıs paydalanıwg`a, suw ha`m basqa da agrotexnikanın` elementlerinen durıs paydalanıwg`a jol ashıp beredi.

Shigitti optimal mu`ddetlerde egiw ha`m tolıq na`l alıw en` tiykarg`ı ilajlardın` birinen esaplanadı sortlıqtan basqası eginnin` agrotexnikasına tiyisli bolsa, taza sortlıq elita xojalıqlarının` ha`m paxta zavodolarının` jumıslarına tikkeley baylanıslı. Demek, zu`ra`a`tti ko`beytiwdin` baslı faktorlarının` biri jerlerdin` qunarlıg`ı ha`m tuxımlıq shigitlerdin` sapası egilgen g`awasha sortlarının` taza sortlıg`ı (İsmaylov, Ergabulov, 2003).

Al atızlardı g`oza payalardan tazalaw, gu`zgi su`rimdi sapalı o`tkeriw, jerlerdi shayıp suwg`arıw, egislik tuxımlardı tayarlaw, alıng`an na`llerdi waqtında siyrekletiw, egisliklerdi jabayı sho`plerden tazalaw, g`awashanın` qatar arasın kul`tivatsiyalaw, o`siw da`wirinde azıqlandırıw, zıyanlı ja`nliklerge, keselliklerge qarsı gu`resiw, defolyatsiyalaw ha`m terimdi zayalamay o`tkeriw, bulardın` barlıg`ı ha`r jılg`ı zu`ra`a`tke tiykar salıwshı texnologiyalıq protsessler.

Bul sanalıp o`tilgen agrotexnikalıq ilajlar quramı, a`sirese Qaraqalpaqstan paxtashılıqtın` ta`g`dirin sheshetug`ın jag`daylar bolıp esaplanadı. Issılıq resursı, bul faktor Qaraqalpaqstanda ju`da` shegaralang`an. A`sirese Qaraqalpaqstannın` arqa zonasındag`ı paxtashılıq ushın ju`da` za`ru`rli faktor. Sebebi, en` tez piser g`awasha sortları atız jag`dayında 128-130 ku`nde pisip, og`an keminde 1900-1950$^0$S ıssılıq talap etiledi.

Issılıq qorı bul zonada ortasha 2000$^0$C dan aspaydı. Al alınıp turg`an ıssılıq jıl jag`dayına qarap 10% ke deyin to`men ha`m joqarı o`zgerip turadı. Bir jılları jaqsı bolıp 2200$^0$C deyin ko`terilse ol ayırım jılları 1850$^0$C deyin pa`seyip ketedi (İsmaylov, Erg`abulov, 2003).

G`awashanın` S-4727 ha`m Shımbay-3010 sortları suwıq tu`skenge deyin ulıwma o`nimnin` 85-90% tinin` pisip jetilisiwi ushın ortasha $1950^0$C paydalı ıssılıq talap etiledi. Al erte piser Aqda`r`ya-5, Aqda`r`ya-6 sortları $2100^0$C dan artıq paydalı ıssılıq alg`an jag`dayda g`ana g`o`rekleri ashıladı. Qaraqalpaqstan diyxanshılıq ilim izertlew institutı selektsionerleri jaratqan g`awashanın` Shımbay-5018 sortı da S-4727 sortına usap, $1950^0$C ıssılıq alıwı menen g`o`rekleri ashıla baslaydı. Onday ıssılıq vegetatsiya da`wirinen tolıq paydalang`anda g`ana alınadı.

Shigittin` ju`da` erte mu`ddette ekkende hawanın` temperaturası $10^0$C ha`m onnan da to`men bolsa tuqımlar jıllılıq jetispewine sezgir boladı. Usı sebepten jer astı suwları jaqın jaylasqan topıraqlarda yamasa jawın-shashın ko`p bolg`an jag`daylarda na`ldin` shiriwine alıp keledi ha`m atızda na`ller siyrek boladı. Sonın` ushın topıraq temperaturası 13-$14^0$S ıssı bolg`an mu`ddetlerde egiw maqsetke muwapıq boladı.

Usı waqıtta topıraqtın` ıg`allıg`ı jetkilikli ha`m shorlı topıraqlarda duzlar to`menge ketedi. Kesellikler ha`m zıyankeslerdin` rawajlanıwı to`men boladı ha`m tuqımlar jaqsı ko`gerip shıg`adı, 7-10 ku`nnen tegis na`l beredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında g`awasha egiw texnologiyası O`zbekstannın` wa`layatlarınan o`zgeshelenedi. Ma`selen: paydalı ıssılıq mug`darı o`siw da`wirinde 200-$400^0$C g`a kem o`zgermeli da`rejede, a`sirese egis mapazında (aprel`, may) quyash radiatsiyasının` jazda ku`shli bolıwı o`simliktin` o`sip rawajlanıwına zıyanın tiygizedi (Erg`abulov, 1994).

U.E.İsmaylov, J.Erg`abulovlar (2003) "G`awashadan joqarı zu`ra`a`t alıw ilajları" atlı miynetinde to`mendegilerdi ko`rsetip o`tedi.

Qaysı ilaj bolsa da waqtında sapalı o`tiwi tiyis. Egis mu`ddeti 10-aprel`den 10-may aralıg`ında o`tkeriliwi tiyis.

O.Turdalievtın` (1989) izertlewinshe o`simliktin` tu`p sanı artqan sayın, onın` vertikal` ha`m gorizontal` bag`darda jaylasqan miywe elementlerinin` tu`siwi ku`sheyedi. Eki qatarlı egiste miywe elementlerinin` tu`siw payızı ko`birek boladı. O`simliktin` tu`p sanının` artıwı ishki konustag`ı miywe elementlerinin` tu`siwin ku`sheytti.

Zu`ra`a`t toplawdın` en` juwapkerli da`wiri g`awashanın` g`umshalaw ha`m gu`llew fazaları bolıp esaplanadı. Bul da`wirde miywe toplaw ko`pshilik jag`daylarda o`simlik japırag`ının` ko`lemine de baylanıslı boladı.

G`awashanın` gu`llew da`wirinde japıraqlar maksimal` maydanı g`awasha tu`p sanı 151,6 mın` bolg`an variantta (90x10-1) gektarına 45173,2 $m^2$ boldı.

Sh.Utegenov ha`m S.X.Yuldashevlar (1989) ta`repinen o`simliktin` rawajlanıw fazaları boyınsha qurg`aq massasının` toplanıwı izertlenedi. Olardın` izertleniwinen anıq boldı, qurg`aq massanın` toplanıwı 1 ha`m 2 qatarlı egiste g`umshalaw fazasında birdey tu`p sanda bolıp o`tti. 90x10-1 sxeması variantlarına salıstırg`anda qurg`aq massa ko`p toplanadı, ortasha fonda 0,5 gr ko`birek, al joqarg`ı azıqlandırıw fonında 0,24 gr ko`p boldı.

O`simliktin` tu`p sanına, suw azıqlıq rejimine, qatar arası jumıslarına baylanıslı g`awashanın` tamır sistemasın u`yreniw ma`seleleri menen de ilimpazlar shug`ıllanıp atır.

Ha`zirgi da`wirde awıl xojalıg`ı eginlerin jetistiriw traktorlar ha`m awıl xojalıg`ı mashinaların qollanıw menen iske asırıladı. Bul texnikalardı bir neshe ma`rtebe qollanıw topıraqtın` ha`dden tıs tıg`ızlanıwına alıp keledi. Son`ında suw, hawa ha`m azıqlanıw rejiminin` ha`m o`nimdarlıqtın` to`men bolıwına alıp keledi.

Diyxanshılıqta joqarıda ko`rsetilgen kemshiliklerdi saplastırıwdın` tiykarg`ı bag`darı topıraqtın` qatar arasın islewdi azaytıwg`a o`tiw bolıp esaplanadı.

"Topıraqtı islewdin` sanın azaytıw" tu`sinigi o`z ishine islew beriw usılların ha`m teren`ligin, da`stu`riy islew beriwden bo`lek texnologiyalıq operatsiyalardın` isletiliwi, atızda traktordın` bir ju`risinde bir neshe operatsiyalardı bir waqıtta orınlaw ha`m topıraqtı islew sanın azaytıw kiredi.

İslew beriwdi azaytıw, topıraqqa mexanikalıq ta`sir mug`darın kemeytip, onın` suw, fizikalıq ha`m biologiyalıq qa`siyetlerin saqlaydı, topıraqta o`simliktin` o`siwi ha`m rawajlanıwı, olardın` joqarı o`nimdarlıg`ı ushın qolaylı jag`daylar jaratıp beredi.

Solay etip, islew beriwdi azaytıw topıraqtın` potentsial o`nimdarlıg`ın saqlaw ushın a`hmiyetli jag`day bolıp, onı eroziyadan qorg`aydı, miynettin` sarıplanıwın kemeytedi, waqıttı ha`m zatlardı u`nemleydi (Naumov, 1981; İsmailov, 1977).

Topıraqtı islew sanın azaytıw da`slep tuxımgershilik xojalıqlarında aralas (kombinirovannıy) agregatlardı qollanıw arqalı bir ju`riste topıraqtı egiske tayarlaw, to`gin beriw, gerbitsid beriw ha`m egis a`melge asırıladı.

Paxtashılıqta topıraqtı islewdi kemeytiw ele ken` tarqalg`an joq. Bul paxtashılıq ushın ju`da` za`ru`r, sebebi g`awashanın` vegetatsiyalıq da`wiri uzaq, al onı jetistiriw 20 traktor operatsiyası arqalı a`melge asırıladı.

Diyxanshılıqta topıraqtın` u`stin`gi qatlamın turaqlastırıw mexanikalıq islew jolı menen to`mendegi sebepler boyınsha ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Topıraqlardın` suw sin`iriwshiliginin` to`men bolıwı paxta jetistiriwde qollanıp atırg`an agrotexnikalıq jumıslardın` o`zgeshelikleri topıraq makrostrukturasının`, su`rim gorizontının` tıg`ızlanıwına alıp keledi.

Ko`pshilik alımlardın` pikirinshe, topıraqtın` qa`liplesiw tıg`ızlıg`ı onın` o`nimdarlıg`ının` (a`hmiyetli ko`rsetkishi bolıp esaplanadı), du`zilis funktsiyasının` ha`m mikrostrukturasının`, onın` mexanikalıq quramının`, gumus mug`darının` a`hmiyetli ko`rsetkishi bolıp esaplanadı.

Ko`p sanlı izertlewler sonı ko`rsetedi, topıraq tıg`ızlıg`ının` keri ta`siri ha`r bir o`simlik ushın ha`r qıylı, al paxta ushın 1,3-1,4 g/sm$^3$ boladı, topıraqtın` ku`shli tıg`ızlanıwı atızda traktorlardın`, awıl xojalıg`ı mashinalarının` ha`m qurallarının` ko`p ju`risinen ju`zege keledi (Begmatov, 1989; Yakubov 1990).

Topıraq tıg`ızlıg`ının` qa`liplesiwi onın` barlıq fizikalıq parametrlerin anıqlaydı. Tıg`ızlıq topıraq strukturasının` ha`m mikrostrukturasının` funktsiyası, ondag`ı gumus mug`darı bolıp esaplanadı, ol suw, hawa ha`m jıllılıq rejimine, mikroorganizmlerdin` xızmetine ta`sir etedi (Mamedov, İbragimov, Rizaeva, 1984).

Topıraq tıg`ızlanıwının` joqarılawı onın` suw sin`iriwshiliginin` ham ıg`allıq zonasının` to`menlewine alıp keledi (Kalantarov, 1969).

Paxta ushın optimal` tıg`ızlıq qa`liplesiwi 1,2-1,3 g/sm$^3$ boladı, bul haqqında ko`plegen izertlewler mag`lıwmat bere aladı.

Topıraqtı islewdi azaytıwdı engiziw mineral to`ginlerdi, gerbitsidlerdi ha`m basqada o`simliklerdi qorg`awshı zatlardı na`tiyjeli paydalanbay turıp a`melge asırıw mu`mkin emes. G`awashanın` qarıqlarında traktor ju`risinin` sanın azaytıw g`awashanın` vegetatsiyalıq da`wiri dawamında topıraqtın` optimal qa`liplesiwine mu`mkinshilik tuwg`ızadı.

G`awashag`a ha`r jılı tek mineral to`gin beriw topıraq o`nimdarlıg`ının` to`menlewine, kesellikler, zıyankesler, jabayı sho`plerdin` ko`beyiwine, topıraqtın` ha`lsizlenwine ha`m ha`r bir gektardan alınatug`ın o`nimnin` to`menlewine alıp keledi. (Tursınxodjaev, 1972; Umarova, Besedin, Mırzajanov, 1992; Urazmatov, 1992; İsmaylov, 1995; 2004; 2013).

Sonlıqtan, topıraq o`nimdarlıg`ın arttırmay, eginler agrotexnikasın jetistirmey turıp eginler zu`ra`a`tligin arttırıw mu`mkin emes.

Almaslap egiw eginlerden mol zu`ra`a`t alıw, topıraq o`nimdarlıg`ın asırıw jabayı o`simliklerdi keskin kemeyttiriw, kesellikler ha`m zıyankeslerdi joq etiw, ximiyalıq birikpelerdi ko`p qollanbastan awıl xojalıq eginlerinen joqarı zu`ra`a`t alıwda kerekli shara esaplanadı. Almaslap egiwdi a`melge asırıw ushın almaslap egiw atızları belgilenedi. Ha`r bir atız ushın egiletug`ın egin tu`rleri belgilenip alınadı (İsmailov, 1989; 1995; 2004; 2010; 2012).

G`awashanı jon`ıshqa menen almaslap egiw ha`r ta`repleme paydalı.

Bul haqqında bir qansha ilimpazlar (Kondratyuk, 1972; Tursunxodjaev, 1972; Muxammedjanov ha`m basqalar, 1991; İsmailov, 1995) u`sh jıllıq jon`ıshqadan keyin 20-25 santimetrlik tamır qatlamında gumustın` artıwı gektarına 8-15 tonna boladı.

Bul topıraqtın` agrofizikalıq qa`siyetleri: suw o`tkiziwshiligi, suw ustag`ıshlıg`ın jaqsılaydı, sol sebepten birinshi 2-3 jıl dawamında jon`ıshqanı su`rgennen keyin atızdı suwg`arıw bir qansha jen`illesedi yag`nıy az norma talap etiledi.

Bul jo`ninde o`z pikirlerin A.Aytımbetov (1978), M.V.Muxammedjanov ha`m basqalar (1991), U.E.İsmaylovlar (1995), o`tkerilgen ilimiy ta`jiriybeleri tiykarında aytıp o`tti. Onnan basqa jon`ıshqa sharwa jılları malları ushın almastırıwg`a bolmaytug`ın azıqlıq egin bolıp sanaladı. Jon`ıshqa topıraqtın` agrofizikalıq quramın jaqsılaw, topıraqtın` o`nimdarlıg`ın arttırıw menen qatar g`awashanın` vil`t keselligine qarsı gu`resiwde og`ada a`hmiyetli egin bolıp esaplanadı.

Joqarı zu`ra`a`t alıw ushın a`sirese ishki konusta jaylasqan g`o`reklerdi saqlap qalıw maqsetinde optimal agrotexnika islerin ju`rgiziw kerek.

Eginlerdi bir jerge qaytalap egile berse onnan alınatug`ın o`nim to`menleydi. Sonın` ushın eginlerdi ilimiy tiykarda almaslap egiw kerek. Eginler almaslap egilgende topıraq o`nimdarlıg`ı artadı, yag`nıy onda azıq elementleri menen birge onın` suw ha`m fizikalıq qa`siyetleri, jaqsılanadı. Biz to`mende respublikanın` ha`m onnan tısqarıda ha`r qıylı topıraq klimat jag`dayında o`tkizgen ta`jiriybelerde almaslap egiwdin` a`hmiyetin tastıyıqlaydı.

Jon`ıshqa u`sh jıl dawamında bir gektar jerde ortasha 200 kg biologiyalıq azot toplaydı. Ayırım jag`daylarda bul ko`rsetkish 200-300 kilogramm g`a jetedi. Usınnan ortasha 100 kg azottı yamasa qolaylı jag`dayda 150-200 kg azottı topıraqta qaldıradı. Al bsaqa sobıqlı da`nli eginler (ma`sh, lobiya, soya, burshaq h.t.b.) azottın` ko`pshilik mug`darın da`nge toplaydı, al tamırg`a jon`ıshqag`a qarag`anda az toplaydı. Al basqa bir jıllıq eginler biyday, ju`weri, ma`kke ha`m g`awashalar topıraqtan azottı o`nim menen alıp ketedi ha`m bulardan keyin topıraqta azottın` mug`darı bir qansha kemeyedi (İsmaylov, 1989).

Diyxanshılıqta jon`ıshqa en` bahalı almaslap egiw daqılı bolıp, a`yyemgi zamannan belgili ha`m keleshek ushın da topıraq qunarlıg`ın ta`biyg`ıy jol menen joqarılatatug`ın birden bir egin bolıp qaladı.

Awıl xojalıq eginlerinin` bir jerde bir neshe jıl dawamında qaytalap egiliwi onın` zu`ra`a`tinin` to`menlewinin` tiykarg`ı sebebi. Ko`pshilik ilimpazlardın` pikiri boyınsha, topıraqtın` o`nimdarlıg`ının` kemeyiwinen dep esaplaydı. Da`slepki da`wirde bunday awhal topıraqtag`ı azıqlıq zatlardın` bir ta`repleme azayıwınan, zıyankes ha`m keselliklerdin` rawajlanıwınan, sonday-aq topıraq

quramında ulıwma o`simlikler ushın zıyanlı zatlardın` toplanıwınan kelip shıg`adı dep esaplanatug`ın edi. Ha`zirgi da`wirde topıraqtın` jarıqlawı, topıraq quwıslıqlarında o`simlikler ushın zıyanlı bolg`an zatlardın` bolatug`ınlıg`ınan dep esaplanadı. XIX a`sirdin` birinshi yarımında ullı botanikler Piram ha`m Al`fons Dekandol` o`simlik tamırı o`zi ushın za`ha`rli zat bo`lip shıg`aradı dep ko`rsetedi. Ximik Makerdin` izertlewinin` na`tiyjesinde tamır bo`lip shıg`arg`an ximiyalıq zat, sol o`simlik ushında ha`m tuxımlas o`simlikler ushında da zıyanlı ekenligi anıqlandı.

D.N.Pryanishnikov (1965) ma`deniy o`simliklerdin` azıqlanıw o`zgesheliklerin, olardın` topıraqtın` fizikalıq ha`m ximiyalıq qa`siyetlerine ha`r qıylı ta`sir etiwin, otaq sho`plerge, keselliklerge ha`m zıyankeslerge qatnasının` ha`r tu`rliligin, ilimiy tiykarda u`yrenip, awıl xojalıq eginlerin durıs gezeklestirip egiw arqalı, diyxanshılıqta almaslap egiwdi qollanıw za`ru`r ekenligin da`liyledi.

Solay etip, almaslap egiletug`ın daqıllar topıraq qunarlıg`ın joqarılatıwshı ximiyalıq, fizikalıq, biologiyalıq qa`siyetlerine ta`sir etiwshi tiykarg`ı jag`day dep esapladı (İsmaylov, 2004).

Qaraqalpaqstan Respublikası jag`dayında (Qıdırbaev, Shamshetov, 1992) salını uzaq waqıt ha`m u`zliksiz egiw jerlerdin` meliortivlik jag`dayının` to`menlewine, jabayı sho`plerdin` rawajlanıwına alıp keletug`ını, keselliklar payda etetug`ın mikroorganizmlerdin` toplanıwına ha`m zu`ra`a`ttin` keskin azayıp ketiwine sebepshi bolatug`ınlıg`ı da`liyllengen. Salı da`ninin` arasında qızıl gu`rishli formalardın` sanı ko`beyedi, gu`rishtin` sapası to`menleydi.

Topıraqta organikalıq zatlardın` balansın azıqlanıwdın` optimal jag`dayların ha`m jabayı o`simliklerge qarsı gu`resti ta`miyinleytug`ın daqıllardı durıs tan`lap alıw ha`m almaslap egiw esabınan maydan birliginen maksimum o`nim alıw, salını ha`m basqada daqıllardı almaslap egiwlerdin` ku`ta` a`hmiyetli wazıypası bolıp tabıladı.

Awıl xojalıq eginlerinen esaplang`an paxtashılıqtı rawajlandırıw, ha`r gektardan u`nemli paydalanıw. Ha`zirgi bazar ekonomikası da`wirinde kem qarjı

jumsap joqarı zu`ra`a`t alıw ushın agrotexnikalıq jumıslardı o`z waqtında o`tkeriwimiz za`ru`r.

G`awashadan joqarı zu`ra`a`t alıw, sapalı talshıq ha`m tuxım jetistiriwde en` tiykarg`ı qa`delerdin` biri, hawa rayı qolaylı waqıtta egiw ha`m egiw ushın bizin` sharayatımızda jerlerdi jaqsılap tegislew ha`m atızdın` shorlanıw da`rejesine qarap onın` shorın juwıw, o`sip shıqqan g`awasha na`llerine sapalı islew beriw, ha`r bir variantta belgilengen na`ldi tolıq aldırıwdı ta`miyinlew ha`m mineral to`ginler normasın durıs beriwimiz za`ru`r.

G`awasha fotosintezine sırtqı ortalıq faktorlarının` ta`sirinin` u`yreniliwine ko`p sanlı ilimiy miynetler bag`ıshlang`an. Bul miynetlerde mineral to`ginlerdin` ha`r qıylı mug`darının` ta`sir da`rejesi, qatar aralarının` eni, tu`p sanı ha`m 1 uyada o`simliklerdin` jaylasıwı, jaqtılıq sharayatları, sort o`zgeshelikleri ko`rsetilgen (Mednis, 1973; Yuldashev, Nazarov, 1976).

Japıraqlardın` o`siwi bılay bolıwı sha`rt, olardın` ulıwma maydanı belgili juwapkerli waqıtqa shekem joqarı da`rejege jetiwi kerek, al keyin ten` bolıwı ha`m vegetatsiya da`wiri tamamlanbastan aldın zu`ra`a`ttin` tolıq pisiwin ta`miyinleydi.

O`simlik japıraqları bir-birine ko`len`ke tu`sirse, olardın` dem alıwı qıyınlasadı, sonın` menen birge fotosintez protsesside buzıladı, na`tiyjede o`simliktin` solıwı bolıp o`tedi.

Solay etip, japıraqlar ko`leminin` maydanı ha`m fotosintezdin` o`nimliligi bir qatar faktorlarg`a, sonın` ishinde g`awasha tu`p sanına, jaylasıw sxemasına ha`m mineral azıqlandırıw da`rejesine baylanıslı boladı.

T.Sultaniyazovtın` (1979) izertlewinshe g`awashanın` zu`ra`a`tliligi to`gin mug`darı ko`beygen sayın joqarı boladı. Solay etip, eger mineral to`ginleridn` ha`r qıylı normasın o`simliktin` tu`p sanına baylanısın salıstırg`anda gektarına 200 kg azot, 140 kg fosfor, 70 kg kaliy qollang`anda kontrol` variantta 60x15-1 g`awasha zu`ra`a`tliligi a`dewir to`men boldı (39,8 ts/ga), al gektarına 300 kg azot, 200 kg fosfor, 100 kg kaliy berilgende zu`ra`a`tlilik gektarına 42,7 tsentner boldı.

O`simliktin` tu`p sanı ha`m jaylasıw mashqalası Orta Aziyada ilimiy mekemeler du`zilgennen baslap-aq u`yrenile basladı ha`m bu`gingi ku`nge shekem

u`yrenilip kelmekte. Ko`plegen izertlewshilerdin` tastıyıqlawınsha g`awasha zu`ra`a`ti tek onın` mu`ddetlerine emes, al onın` tu`p sanına da baylanıslı boladı. G`awashanın` tu`p sanının` ta`siri ma`seleleri boyınsha ko`pshilik ilimpazlar shug`ıllang`an.

Respublikamızda paxtashılıq awıl xojalıg`ının` negizgi tarawı bolıwına qaramastan, onnan joqarı zu`ra`a`t alıw qıyın bolıp atır. Bul awhal g`awashanı o`siriwdin` agrotexnikalıq, ekonomikalıq, sotsiallıq ha`m texnikalıq ta`replerin ha`r ta`repleme sın ko`z qarastan qayta ko`rip shıg`ıw za`ru`rligin ko`rsetip otır.

Qaraqalpaqstang`a topırag`ı, hawa rayı, jerlerdin` meliorativlik awhalı derlik birdey uqsaslıqqa iye bolg`an oblastlarda o`tkerilgen ilimiy jumıslardın` da juwmaqlarınan paydalanıw maqsetke muwapıq. Olardın` na`tiyjesi g`awasha o`simliginin` o`sip rawajlanıwı o`nim toplawı talshıg`ının` sapası negizinen ıssılıq faktorlarına, qunarlıg`ına, meliorativlik awhalına, texnikalıq ta`miyinleniwi menen tuxımgershiliginin` durıs jolg`a qoyılıwına tikkeley baylanıslı ekenligin belgileydi. Ma`selen, ekologiyalıq faktorlarg`a hawa rayının` ju`da` o`zgermeli kelip, a`sirese g`awasha egisi da`wirindegi jiyi-jiyi bolıp turatug`ın jawın-shashınlar egisti o`z waqtında o`tkeriwge, na`ldin` bir tegis erterek ko`geriwine kesent berse, ıssılıqtın` ba`ha`rde erte tu`sip keyin suwıtıp ketiwi na`ldin` siyrek ha`m na`zik bolıp ko`geriwine alıp keledi. Onın` u`stine aprel`, may aylarında temperatura birese ko`terilip birese to`menlep ketip alıng`an ıssılıq qorının` paydalılıg`ın pa`seytedi. Al g`awashanın` gu`llew da`wirinde qurg`aq hawanın` tez-tez bolıp turıwı onın` tuxımlanıwına zıyan beriw menen gu`l g`umshanın` jalpılamay tu`sip qalıwına sebepshi bolmaqta.

Onın` u`stine Aral ten`izinin` qurıwı hawa rayının` keskin o`zgeriwine alıp keldi, ba`ha`r aylarının` kesh keliwi, a`sirese burın ko`rilmegen retsiz jawın-shashını jaz aylarının` og`ada ıssı yamasa salqın bolıwı gu`zdin` erte tu`siwi ku`shli shamallı shan` tozan`lardın` tez-tez bolıp turıwı diyxanshılıqqa qolaysız jag`day tuwdırmaqta. Sonı da aytıp o`tiwimiz kerek. Qaraqalpaqstan Respublikası yarım qurg`aqshılıq zonada du`n`ya ju`zi paxtashılıg`ının` en` arqa ken`liginde jaylasqan, jeterli ıssılıg`ı az zona sonın` ushın ha`r bir paydalı ıssılıg`ı bar (+10$^0$S

dan joqarı) ku`nnen aqılg`a muwapıq paydalanıwdı talap etedi. Joqarı zu`ra`a`tlikti iyelew ushın birinshi gezekte g`awasha egiletug`ın egislik jerlerdin` bir tegisligine erisiw bul bir jılda iske asırılıwı qıyın. Sonlıqtan ha`r bir xojalıq ha`r jılı g`awasha egiletug`ın maydannın` 20-25% joqarı sapaa tegislep barıwı tiyis.

G`awasha o`simligi Qaraqalpaqstannın` topıraq jag`dayında azotlı, fosforlı, kaliyli mineral to`ginler ha`m mikro to`ginlerge og`ada talapshan`. Mineral to`gin norması jetkilikli bolıp, ol optimal mu`ddetlerde qollanılsa, qollanıw usılları onın` rawajlanıw fazalarına sa`ykes kelse g`awashanın` o`sip rawajlanıwı ha`m topıraq o`nimdarlıg`ı artıwı ushın qolaylı jag`day jaratıladı. Na`tiyjede g`awasha zu`ra`a`ti joqarı ha`m sapalı bolıw menen birge topıraq o`nimdarlıg`ı artadı (Jienbekov, 1980; Eshmuratov, 1983; Madreymov, 1983; Sultaniyazov, 1979; Qulmagambetov, 1985; Bawetdinov, Tajiev, 2005; Absattarov, 2006; Reymov, Turımbetov, 2007; İsmailov, 1995; 2004).

G`awashanın` o`sip rawajlanıwına ha`m topıraq o`nmidarlıg`ının` artıwına organikalıq to`ginlerdin` mug`darı, mu`ddetin u`yreniw boyınsha Qaraqalpaqstan diyxanshılıq ilim izertlew institutında ha`m Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti No`kis filialında o`tkerilgen ta`jiriybeler juwmaqları organikalıq to`gin almaslap egiw atızlarında g`awasha egilgennen keyin 4 shi jılı, g`awasha atızlarında gu`zde gektarına 40 tonna esabınan, mineral to`ginler menen birgelikte qollanılsa ha`r jılı 10-20 tonnadan, 2-3 jılda bir ret 20-30 tonnadan beriw, gu`zlik biyday egisinen aldın 30-40 tonna mug`darında beriw g`awasha o`sip rawajlanıwına, zu`ra`a`tine ha`m topıraq o`nimdarlıg`ına unamlı ta`sir etetug`ınlıg`ın da`liyleydi (İsmaylov, 1989; İsmaylov, 2004; Nurjanov, 1986; İsmaylov, Tureev, 2009; İsmaylov, Valieva, 2009; İsmaylov, Seytnazarov, 2010; Jienbekov, 1986; Eshmuratov, 1987; İsmaylov, 1995).

Keltirilgen ilimiy mag`lıwmatlar tiykarında g`awasha organikalıq ha`m mineral to`ginlerge talapshan` ekenligi, onı organikalıq ha`m mineral to`gin menen azıqlandırıw norması, mu`ddetin topıraq klimat jag`dayına qaray qollanıw ha`m ha`r bir g`awasha sortı ushın jetilistirip barıw kerek.

Sonday aq respublikanın` egislik jerlerinin` o`nimdarlıg`ı to`men bolg`anı ushın, almaslap egiw menen birge organikalıq to`gin qollanıw og`ada za`ru`r esaplanadı.

# II. QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASININ` TOPIRAQ HA`M KLİMAT JAG`DAYLARI, G`AWAShANIN` BİOLOGİYALIQ O`ZGEShELİKLERİ

## 2.1. Topıraq ha`m hawa rayı jag`dayları

Qaraqalpaqstan Respublikası O`zbekstannın` arqa batıs bo`leginde jaylasqan. Ol A`miwda`r`yanın` on` ha`m shep jag`asında territoriyanı iyeleydi, bul territoriya maydanı 165,6 mın` $km^2$ yamasa. O`zbekstannın` maydanının` 37% quraydı. Egislik maydanlar 450 mın` gektar.

Del`ta rel`efinin` xarakterli o`zgesheligi qorshag`an territoriyanın` u`stinen A`miwda`r`yanın` jaylasıwı.

Qaraqalpaqstannın` arqa batısında U`stirt platosının` shıg`ıs bo`legi jaylasqan bolıp, ol suwsız, sho`lli tegislik A`miwda`r`ya ha`m Aral ten`izinen 90-100 m biyiklikte jaylasqan.

**Topıraqları**. A`miwda`r`ya jag`alawları - bul eski allyuvial` tegisliktin` bo`legi. Arqa bag`darda ulıwma qıyalıg`ı 0,0001-0,0002 A`miwda`r`ya del`tasında topıraq payda bolıw protsessleri ıqlım, irrigatsiya xojalıq ha`m basqa da faktorlar menen tıg`ız baylanıslı.

Bul faktorlardın` ishinde en` tiykarg`ıları bular ıg`allıq ha`m klimat bolıp esaplanadı. Ig`allıq topıraq qa`liplesiw klimat jergilikli topıraq qa`liplesiwinin` ku`shli faktorı bolıp joqarı puwlanıw menen xarakterlendi. Topıraq qa`liplesiw sharayatının` xarakterli o`zgesheligi jer astı suwlarının` ha`m u`stin`gi qatlamdag`ı ıg`allıqtın` keskin puwlanıwı bolıp esaplanadı.

Klimat zonaları poyaslarına baylanıslı Orta Aziyanın` topıraq qatlamın S.P.Suchkov (1951) u`lken eki toparg`a bo`ledi.

1. Sho`lli, taqır tiptegi tegislik topıraqları
2. Taw aldı ha`m eteklerindegi sur topıraqlar.

Tiykarg`ı egislik jer fondı otlaqlı ha`m otlaq taqırlı jerlerde jaylasqan.

Otlaqlı egislik topıraqlar - del`tanın` on` jag`alıq bo`liminin` en` ko`p tarqalg`an topırag`ı. Olar respublikanın` derlik barlıq territoriyasında tarqalg`an ha`m usı territoriyanın` tiykarg`ı egislik jer fondın quraydı.

Qaraqalpaqstan Respublikasının` arqa rayonlarının` eski egislik jerleri olardın` joqarg`ı qatlamında agro irrigatsion ma`deniy sho`gindi barlıg`ı menen ajıralıp turadı.

Barlıq topıraqlar o`zinin` og`ada ha`lsiz du`zilisi menen xarakterlenedi. Gumus mug`darı joqarı gorizontlarda 0,60-0,80% ten aspaydı, ulıwma azot mug`darı 0,02-0,04%, fosfor mug`darı 0,80-0,10%. Arqa rayonlarda topıraqları joqarg`ı qatlamda joqarı mug`darda xlorid sul`fat tipindegi shorlang`an duzlarg`a iye.

A`miwda`r`ya jag`alawlarının` topıraqları jas ha`m topıraq qa`liplesiw sharayatlarına qarag`anda aralas du`ziliske iye. A`miwda`r`ya del`tasında topıraq qa`liplesiwi klimat, biologiyalıq, gidrogeologiyalıq faktorlarg`a tiykarlang`an, ol ja`ne de sho`ller ha`m del`tanın` o`zinin` evolyutsiyası menen de baylanıslı. Del`tada topıraqtın` payda bolıw ha`m rawajlanıw protsessi da`wirde de dawam etpekte.

**Hawa rayı**. Diyxanshılıqtı rawajlandırıwshı a`hmiyetli klimatlıq faktorlarg`a sol rayonnın` termik resursları kiredi, awıl xojalıq eginlerinin` jetistiriliwi sol resruslar menen ta`miyinleniw da`rejesine baylanıslı. Qaraqalpaqstan O`zbekstannın` en` arqa bo`legin iyeleydi ha`m onın` territoriyası suwıq hawa massalarının` kiriwi ushın ashıq. Sonın` ushın qolaylı temperaturalar (sanı) summası O`zbekstannın` basqa walayatlarına qarag`anda to`men yamasa az. A`miwda`r`ya jag`alawlarının`, sonın` ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasının` na`tiyjeli termik resursları o`z o`zgesheliklerine iye. Solay etip, ba`ha`rgi temperaturalardın` o`siw tezligi joqarı boladı, sonın` ushın vegetatsiyalıq da`wirge o`tiw ju`da` qısqa boladı. Qaraqalpaqstannın` effektiv termik resursları g`awashanın` tez piser sortlarının` tolıq pisiwin ta`miyinleydi, ja`ne de orta piser ha`m kesh piser sortları, ovosh, palız, ot-jemlik eginlerdin` birlıq tu`rinin` pisiwine mu`mkinshilik beredi. Bizge mına fakt belgili, paxta jetistiriwdin` effektiv

izometrik liniyası (bag`darı) sezilerli da`rejede arqag`a burılg`an ha`m jer ju`zlik paxta jetistiriwdin` arqa shegarasına Qaraqalpaqstan territoriyası arqalı o`tedi.

Qaraqalpaqstan shegarasında 3 zona ajıralıp shıg`adı: qubla, oraylıq ha`m arqa. Arqa zonag`a 5 rayon: Qanlıko`l, Shımbay, Qon`ırat, Qarao`zek ha`m Taxtako`pir kiredi. Arqa zonada (Shımbay metrologiya stantsiyası) $+10^0$ tan joqarı qolaylı temperaturalar summası vegetatsiyalıq da`wirde $2139^0$S tı quraydı. Arqa zonada vegetatsiyalıq da`wir 188 ku`n dawam etedi, al qubla zonada 201 ku`n.

Ha`r bir jıldın` jıllılıq resrusları o`zgermeli. Baqlawlar sonı ko`rsetedi, ayırım jıllarda ortasha bir jıllıq ko`rsetkishten o`zgeriwi 15-20% ti quraydı. Effektiv jıllılıq resursları egis aldı jumıslarında ha`m egis waqtında jawın-shashın ha`m burshaq sebepli mexanikalıq tu`rde qısqaradı. Bul sebepli 15-20 ku`n bosqa ketedi, bul vegetatsiyalıq da`wirdin` 15-20 ku`nge qısqarıwına alıp keledi.

Vegetatsiyalıq da`wirdin` qısqarıwın ha`m paydalı temperaturalardın` kemeyiwine esapqa alıp Qaraqalpaqstanda ha`r qıylı g`awasha sortlarının` jıllılıq penen ta`miyinleniwi anıqlang`an.

Arqa zonada egis aprel` ayının` ekinshi dekadasında yag`nıy 10 sm topıraq qatlamında temperatura $14^0$S ha`m onnanda joqarı bolg`anda baslanadı.

Qaraqalpaqstan territoriyası ekstrarid zonag`a kiredi. Jıl sayın bul jerde 80-110 mm jawın-shashınlar boladı. Ba`ha`rgi jawın-shashınlar topıraqqa keri ta`sir etedi, ma`selen qatıwashtı payda etedi, bul o`z gezegine tolıq na`l alıwg`a irkinish jasaydı.

Agrotexnikalıq ko`z qarastan qarag`anda klimat xarakteristikası ko`rsetedi, zonalıq, vegetatsiyalıq da`wirdin` mu`ddeti, effektiv temperaturalar summası ha`m g`awasha zu`ra`a`tliliginin` arasında o`z-ara baylanıs bar.

## 2.2. G`awashanın` biologiyalıq o`zgeshelikleri ha`m agrotexnikası

G`awashanın` tamırı oq tamır bolıp, ol 1,3-3 metrge shekem teren`likke kirip baradı. Tamırının` joqarı bo`legi juwan bolıp, diametri 0,5-2 sm, to`menge tu`sken sayın jin`ishkelenip baradı. G`awashanın` tamırları bekkem bolıp, topıraqtag`ı barlıq azıqlıq zatlardı o`zlestirip aladı. Tamırlarında topıraqtag`ı azıq zatlardı sorıp alatug`ın mayda tu`ksheleri bar.

**Paqalı** tik o`sip, biyikligi 60-150 sm ge shekem jetedi. Paqalı a`weli jasıl, pisip jetiliwi menen qızg`ısh tu`ske kiredi. Qaptal shaqalar payda etedi. Paqaldın` diamteri sortları ha`m tu`p sanına qaray 2,5-3,0 sm ge shekem baradı.

**Japırag`ı.** Japıraq plastinkasınan, japıraq ornı ha`m japıraq ornı tu`binde jaylasqan eki qaptal japıraqtan ibarat. Ol 3, 5, 7 bo`lekli ayırım jag`dayda simmetrik bolmag`an 2, 4, 6, 8 bo`limlerge de bo`linedi. Japıraq plastinkası, sortına, tu`rine, azıqlandırıw maydanına qarap ha`r qıylı boladı.

G`awashanın` tiykarg`ı paqalınan eki tu`rli shaqalar o`sip shıg`adı. O`siwshi shaqalar (monopodial) ha`m o`nim shaqaları (simpodial). O`siwshi shaqalar paqaldın` to`meninen baslap o`se baslaydı, zu`ra`a`t shaqaları bolsa biraz joqarıda payda boladı ha`m japıraq qoltıg`ınan o`sip shıg`adı. Zu`ra`a`t shaqasında bir neshe buwınlar bolıp olarda g`o`rek, dene ha`m gu`ller jaylasadı. Zu`ra`a`t shaqaları o`z na`wbetinde sheklengen bir neshe buwınlı boladı. Zu`ra`a`t shaqalarının` en` joqarı bo`liminde gu`l boladı. Sheklenbegen g`awasha shaqaları buwın aralıqları uzınlıg`ına qarap 4 kishi tu`rge bo`linedi: 1-tip buwın aralıg`ı 3-5 sm; 2-tip buwın aralıg`ı 6-10 sm; 3-tip buwın aralıg`ı 11-15 sm. 4-tip buwın aralıg`ı 16 sm den uzın.

**G`awashanın` gu`lleri** eki jınıslı, gu`l organları bes shen`ber boyınsha besten jaylasqan. Gu`linin` tu`binde gu`l ornı bolıp, keyinshelik ol miywe ornına aylanadı. Gu`l ornının` joqarg`ı bo`liminde gu`ldin` basqa, barlıq elementleri jaylasadı. Sırtqı ta`repinen u`sh iri gu`l japıraq, keyin kese jaylasıp, onın` ishinde 5 gu`l taj boladı. Gu`l tajı bolsa tu`binen o`sip shıqqan 5 gu`l japıraqtan ibarat, gu`l tajının` ishinde shan` u`stinshesi bolıp, olar gu`l tajının` tiykarınan o`sip shıqqan mayda

shan`lar nayshasınan ha`m shan`shılardan ibarat. Gu`ldin` da`l ortasında tu`yinshe jaylasıp u`stinshe ha`m tuqımshadan ibarat: tu`yinshe gu`l taj benen shan`shı u`stinshesi, tumsıqsha bolsa shan`lanıwshı nayshasınan tısqarıg`a shıg`ıp turadı.

**G`awashanın` miywesi** g`o`rek bolıp ol o`simliktin` en` za`ru`rli organı esaplanadı. G`o`reklerdin` forması ha`m ko`lemi sortlarg`a qarap, tuqım sıyaqlı, a`njir sıyaqlı, domalaq ha`m basqa ko`rinislerde boladı. Bir g`o`rekte 3,0-6,0 gr paxta boladı. Ortasha talshıqlı g`awashalarda g`o`rekti paxtanın` salmag`ı 4-6, jin`ishke talshıqlarda 3-4 g keledi. Bir g`o`rekte 30-50 ge shekem, 1 shanaqta 5-10 dana shigit boladı. Shigit sortına qarap tuqım sıyaqlı yamasa almurt sıyaqlı ko`riniste bolıp, ken` ta`repine xalaza, ushı o`tkir bo`limi mikropile dep ataladı. Shigittin` 2 qabıg`ı boladı, biri qaraltım ren`de ag`ashlang`an qabıq, 2-aqshıl juqa qabıq. Shigit tu`kli ha`m tu`ksiz boladı. Tuqımı quramında 20-22% may bar. Keyingi jaratılg`an shigitler quramında may mug`darı kemeyip ketti.

Paxta talshıg`ı shigit qabıg`ındag`ı kletkalardan o`sip rawajlanadı. Ha`r bir talshıq bir kletkadan o`sip shıqqan. Paxta talshıg`ınınn` ren`i aq, aq-sarg`ısh, jasıl tu`ste bolıwı mu`mkin. Talshıqtın` sıpatının` uzınlıg`ı, metrik nomeri, bekkemligi, elastikligi ha`m basqa texnologiyalıq qa`siyetlerine qarap belgilenedi.

Talshıq uzınlıg`ı tu`r ha`m sort ko`rsetkishlerine qaray o`zgeredi, uzınlıg`ı ko`pshilik jag`daylarda 30-32 mm boladı. Ulıwma talshıqtın` uzın bolıwı en` jaqsı ko`rsetkish, uzın talshıqtan toqılg`an gezlemeler sıpatlı boladı. Talshıq bekkemligi bir talshıqtı u`zetug`ın ju`k awırlıg`ı menen belgilenedi. Talshıqtın` bekkemliligi 4-8 gr, ayırım jag`dayda artıq ta boladı. Talshıqtın` metrik nomeri 1 talshıqtın` ulıwma uzınlıg`ı metr menen o`lshenedi. Talshıq jin`ishke bolsa metrik nomeri kishi boladı. Metrik nomeri g`awasha tu`ri ha`m sortına baylanıslı 3000-8000 g`a shekem boladı.

**Biologiyalıq qa`siyeti**. G`awashanın` kelip shıqqan watanı ıssı ma`mleketler bolg`anı ushın, ıssıg`a talapshan` o`simlik. Tuqımnın` ko`gere baslawı ushın en` to`mengi temperatura 10-12$^0$C. Na`lleri 14-15$^0$C shıg`adı. G`awasha na`lleri ulıwma suwıqqa shıdamsız, -1-2$^0$C da na`lleri, -3-5$^0$C suwıqtan iri o`simlikler nabıt boladı.

O`siw da`wirinin` basında 25-26$^0$C, g`o`rek payda etkende 36-37$^0$C en` jaqsı temperatura esaplanadı. Temperatura 40-41$^0$C qa jetkende, gu`lleri to`giledi. Paydalı temperatura jıyındısı erte piser sortları ushın 3000$^0$C, orta piser sortları ushın 3400$^0$C, kesh piser sortları ushın 4000$^0$C kerek boladı.

Jaqtılıqqa talapshan` qısqa ku`n o`simlik, jaqtılıq jetispese, o`siwden artta qaladı, gu`l ha`m g`o`rekleri to`giledi.

G`awasha qurg`akshılıqqa da shıdamlı egin, biraq topıraqta ıg`allıq jeterli bolsa jaqsı zu`ra`a`t beredi. Sol ushında tek g`ana suwg`arılatug`ın maydanlarda egiledi.

G`awasha azıq zatlarg`a bay, o`nimli topıraqta jaqsı o`sedi. Strukturası jaman, shorlang`an topıraqlarda to`men zu`ra`a`t beredi.

1 tonna paxta talası ha`m shigit alıw ushın o`siw da`wirinde o`simlik 50-60 kg azot, fosfor ha`m 50-60 kg kaliy talap etedi. Topıraqta azot jetispese, japıraqları mayda bolıp, ashıq jasıl tu`ske kiredi, o`simlik pa`s boylı boladı, kem g`o`rek payda etedi. Fosforlı to`gin jetispese, o`simlik pa`s boylı, tamırları ha`lsiz, japıraqlarında qızıl sızıqlar ko`rinip, zu`ra`a`ttin` sıpatı to`men boladı. Kaliy jetispese japıraqlarında qon`ır daqlar payda bolıp, buralıp tu`sip ketedi, keselliklerge shıdamsız bolıp qaladı.

G`awashanın` to`mendegi rawajlanıw fazaları bar: o`nip shıg`ıwı, haqıyqıy japıraq payda bolıwı, g`umshalaw, gu`llew, g`o`rek payda etiw ha`m pisiw. Egilgen shigit topıraq ha`m hawa temperaturası jetkilikli bolsa 5-6 ku`nde o`nip shıg`adı. O`nip shıqqannan haqıyqıy japıraq payda bolg`ansha 8-12 ku`n, haqıyqıy japıraqları payda bolg`annan g`umshalawg`a shekem 25-30 ku`n, g`umshalawdan gu`llewge shekem 25-30 ku`n, gu`llegennen pisip jetilisiwge shekem 50-60 ku`n, waqıt o`tedi. Egilgennen pisip jetilisiwine shekem orta talshıqlı g`awashalarda 125-150 ku`n, jin`ishke talshıqlılarda 145-160 ku`n o`tedi. Bul da`wir topıraq klimat sharayatına qarap o`zgeriwi mu`mkin.

# III. TİYKARG`I BO`LİM.

## 3.1. Meteorologiyalıq jag`daylar.

Keyingi jılları Qaraqalpaqstan Respublikasının` hawa rayı keskin o`zgermeli bolıwı menen o`zgeshelenedi.

Suw tam-tarıslıg`ı yamasa jetispewshiligi tez-tez qaytalanıp turadı. Jıldan jılg`a jawın shashın mug`darı kemeyip baratır. Ag`ın suw ha`m jawın shashınnın` kemeyiwi bul aymaq ekosistemasına keri ta`sir etip atır.

2012 jıl ba`ha`ri qurg`aq, ashıq ha`m derlik jawınsız boldı. Respublikada shigit egisi 30 martta baslanıp 15-mayda tamam boldı.

Aprel` ayında hawa temperaturası ortasha 18,6$^0$C bolıp bul shigit egisi ushın qolaylı esaplanadı. Shigit egisi ta`jiriybe atızında 2-may ku`ni o`tkeriledi, na`l egilgennen son` besinshi ku`ni ko`gerip shıg`a basladı. Jawın shashın mug`darı ortasha ko`p jıllıq ko`rsetkishten eki ese kem boldı.

Paydalı temperatura summası aprel`-sentyabr` aylarında 2786$^0$C bolıp bul g`awashanın` tolıq pisiwi ushın jeterli boldı.

Ulıwma 2012 jıldın` hawa rayı jag`dayı awıl-xojalıq eginleri ushın qolaylı keldi.

Hawa rayı jo`nindegi mag`lıwmatlar 3.1.1. kestede keltirilgen.

**Keste 3.1.1.**

**2012 jıldın` meteorologiyalıq ko`rsetkishleri ha`m ortasha ko`p jıllıq**

| Aylar | Hawa temperaturası $^0C$ | | Hawa ıg`allıg`ı % | Jawın mug`darı, mm | | Paydalı temperatura jıyındısı 2012 j |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2012 j | Ortasha ko`p jıllıq | | 2012 j | Ortasha ko`p jıllıq | |
| Yanvar` | -3,5 | -4,4 | 91 | 8,5 | 9,4 | - |
| Fevral` | -2,0 | -3,0 | 72 | 7,8 | 9,4 | - |
| Mart | 12,3 | 4,4 | 63 | 11,6 | 15,8 | - |
| Aprel` | 18,6 | 14,1 | 51 | 12,3 | 20,3 | 107 |
| May | 20,9 | 21,4 | 45 | 11,8 | 12,4 | 256 |
| İyun` | 27,8 | 26,5 | 43 | 2,3 | 4,5 | 535 |
| İyul` | 28,8 | 28,6 | 46 | 3,1 | 4,6 | 540 |
| Avgust | 26,9 | 25,4 | 54 | 1,2 | 2,5 | 550 |
| Sentyabr` | 22,3 | 19,6 | 56 | 8,4 | 3,6 | 320 |
| Oktyabr` | 14,1 | 11,2 | 56 | 10,3 | 8,5 | - |
| Noyabr` | - | 4,6 | 78 | 10,5 | 10,1 | - |
| Dekbar` | - | -1,2 | 91 | 14,6 | 13,2 | - |
| **Jami** | | | | **102,4** | **114,3** | **2308** |

## 3.2. Ta`jiriybe o`tkeriw usılı.

Ta`jiriybe Xojeli rayonında jaylasqan TashMAU No`kis filiali oqıw ta`jiriybe xojalıg`ında o`tkerildi. Ta`jiriybe to`mendegi sxemag`a muwapıq o`tkerildi (keste 3.2.1).

Ta`jiriybe atızı topıraqları otlaqlı, ortasha shorlang`an. Jer astı izey suwları 1,5-2,0 m teren`likte jaylasqan. Ta`jiriybe atızındag`ı agrotexnikalıq jumıslar usı aymaq ushın usınıs etilgenge sa`ykes o`tkerildi.

**Keste 3.2.1**

**Ta`jiriybe sxeması**

| Var. № | Mineral (kg/ga) ha`m organikalıq to`gin mug`darı, t/ga |
|---|---|
| 1 | - |
| 2 | N60, P40, K30 + 40 |
| 3 | N100, P80, K60 + 30 |
| 4 | N125, P100, K90 + 20 |
| 5 | N250, P175, K125 - |
| 6 | - 40 |

Ta`jiriybe atızında topıraqtın` suw fizikalıq, agroximiyalıq ha`m mikrobiologiyalıq qa`siyetlerin anıqlaw.

Ba`ha`rde, jazda ha`m gu`zde topıraqitın` 0-10, 10-20 ha`m 20-30 sm qatlamında ko`lem massası ha`m ıg`allıg`ı anıqlandı.

Ko`lem salmag`ı tsilidr usılında, ıg`allıq termostatta keptiriw usılı menen. Topıraq quramındag`ı suwda eriwshi duzlar ha`m topıraqtag`ı shirindi mug`darın anıqlawda suwlı eritpe ha`m Tyurin usıllarınan paydalanadı. Atızdag`ı jabayı sho`p mug`darı 1,2 $m^2$ (1x1,2) maydanda ha`r kul`tivatsiyadan aldın ha`m keyin sanaw jolı menen anıqlandı. Olardın` bir jıllıq, ko`p jıllıq tu`rleri boyınsha ayırım esapqa alındı.

**Fenologiyalıq baqlawlar:**

- na`ldin` ko`gerip shıg`ıwı bir metrlik kesindilerde sanap shıg`ıldı;

- paxal biyikligi, shaqa ha`m g`o`rek sanı 1.VIII ha`m 1.IX-de ha`r bir variantta 25 o`simlikte anıqlandı;

- o`nimdi esaplaw ha`r bir varianttag`ı paxta qolda terip alınadı;

- bir g`o`rektegi paxtanın` salmag`ı 50 g`o`rekten paxta terip alınıp o`lshenip ortasha salmag`ı anıqlandı.

Ta`jiriybede g`awashanın` S-4727 sortları 2012 jılı 2-mayda egildi, qatar arası 60 sm, ha`r bir varianttın` maydanı 240 $m^2$, u`sh qaytalamada, variantlar bir yarusta jaylasqan.

Baqlawlar to`mendegi usıllardan paydalanıp alıp barıldı. Atız ta`jiriybesi metodikası. Dospexov B.A. 1985. Topıraqta agrofizikalıq ha`m agroximiyalıq izertlew usılları. Tashkent Soyuz NİXİ 1973; Atız ta`jiriybelerin o`tkeriw usılları. Tashkent. 2007 j. UzPİTİ.

## 3.3. G`awasha agrotexnikası

Elimizdin` paxtadan o`ndiriletug`ın o`nimlerine bolg`an talabın qanaatlandırıw ushın ulıwma bir gektardan alınatug`ın zu`ra`a`tlikti ko`teriw na`zerde tutılg`an. Bul wazıypanı sheshiw ushın ilim ha`m aldın`g`ı ta`jiriybenin` da`liyillengendey g`awashanı o`siriwdin` belgili zonada ilimiy-texnikalıq progress elementlerine su`yengen intensiv texnologiyası g`ana joqarı, sapalı erte o`nim toplawdı ta`miyinley aladı.

Respublikanın` ko`pshilik suwg`arılatug`ın jerleri belgili da`rejede shorlang`an maydanlarda sistemalı tu`rde meliorativlik jumıslar ju`rgiziw awıl xojalıg`ı o`ndirisin intensifikatsiyalawdın` negizgi bo`legi bolıp esaplanadı.

Bizin` jag`dayımızda jerlerdi **gu`zde su`riw** ıg`allılıq toplawdın`, jabayı sho`plerdi azaytıwdın`, topıraqtın` strukturasın jaqsılap, mikrobiolgiyalıq protsesslerdin` jaqsı o`tiwinin` negizgi faktorı bolıp esaplanadı. Mexanikalıq sostavı boyınsha ortasha ha`m awır topıraqlarda eger jer astı suwları teren`de bolıp olar izeykeshler menen ta`miyinlengen bolsa, oktyabr` - noyabr` aylarında eki yaruslı pluglar menen terenligi 35-40 sm etip su`rgen maqul. Mısalı birinshi jılı 35-40 sm, ekinshi jılı 30 sm, al u`shinshi jılı ja`ne 30 sm ha`m ha`m t.b. teren`likte su`riliwi kerek.

Eger jerler qattı topıraqlı su`rim qatlamının` astı tepsen` bolıp qalg`an bolsa, arnawlı teren` bosatıwshı qurallar menen ha`r bir 2-3 jılda bir ret 60-80 sm teren`likte bosatılg`anı durıs.

Jergilikli to`ginlerdi shirigen tu`rinde jerge beriw lazım. Bunda onın` su`rim astına gektarına 20-30 tonna normasında ha`m superfosfat to`gininin` jıllıq normasının` 70-75 protsentin beriw menen o`tkergen maqul. Eger xojalıq qanday da bir sebep penen gu`zgi su`rim astına jergilikli to`gin ha`m superfosfat bere almasa, onda egis aldı islew astına berilgeni maqul.

**Jerlerdi shayıp suwg`arıw**. Egislik jerlerdi shayıp suwg`armay turıp, bir tegis na`l ha`m joqarı zu`ra`a`t jetistiriw mu`mkin emes. Mag`lıwmatlarg`a qarag`anda Qaraqalpaqstan Respublikası territoiyasında jer astı suwlarının` jaylasıw teren`ligi 1 metrden 3 metrge deyin jetedi. Jer astı izey suwlarının` ko`teriliwi ba`ha`rde ku`nnin` ısıwı menen baslanıp pa`seye baslaydı. Sonın` ushın jer astı suwı pa`seygen da`wirde yag`nıy noyabr`, dekabr` aylarında shayıp suwg`arıwdı o`tkeriw maqsetke muwapıq keledi.

Bizin` sharayatımızda gu`zgi ha`m qısqı da`wirde shayıp suwg`arıw paydalı ekenligin da`liylendi. Bunda shayıp suwg`arıw norması 3000-6000 $m^3$ ga.

Jerdi egis aldı islew. Barlıq atızlar ba`ha`rde tapqa keliwi menen tırmalanıwı sha`rt. Bul ilaj jerdin` bir tegis tapqa keliwin ta`miynlew menen birge topıraqtın` ızg`arlıg`ın saqlaydı.

Gu`zde shu`digar etilmegen atızlar, ba`ha`rde egis aldınan eki yaruslı plug penen teren`ligi 25-30 sm teren`likte su`rilip, er jag`dayına, tıg`ızlanıw da`rejesine qarap eki-u`sh ma`rtebe tırmalanıp malalanıwı kerek.

Al, eger su`rilgen bolsa, ba`ha`rde egis aldınan jer jag`dayına qarap otvalsız plug penen 23-25 sm teren`likte su`riledi yamasa chizel` menen teren`ligin 18-20 sm eki ma`rtebe chizllenedi. Bunda da eki u`sh ma`rtebe tırmalanadı ha`m mala basıladı.

**Shigit egisi**. Shigit egisi hawanın` ortasha stukalıq ıssılıg`ı turaqlı tu`rde 12-$14^0$S g`a kelgende baslanadı. Bul da`wir respublikanın` tu`slik rayonlarında 5-aprel`ge, al arqa rayonlarda 10-15 aprel`ge tuwrı keledi. Egisti tez ha`m sapalı

tamamlaw kerek. Shigittin` tu`siw teren`ligi jeil topıraqlarda ha`m erte egislerde 4 sm, al qalg`an topıraqlarda ha`m topıraqtın` ıssılıg`ı ko`beygen da`wirde 5-6 sm bolıwı kerek. Egis ushın 1-2 klasstag`ı sapag`a iye. Joqarı reproduktsiyalı (1-3 reproduktsiya) oraylasqan tu`rde sortlang`an ha`m stimulyatorlar, fungitsidler, mikroelementler menen da`rilenip, islengen shigitler qollanıladı. Shigit bir tonnag`a 600 litr suwda ıg`allanıp keyin egiledi.

**Na`llerdi siyrekletiw**. G`awasha na`llerin siyrekletiwdi o`z waqtında ha`m sapalı o`tkeriw na`ldin` bir tegis, tez xa`m ku`shli rawajlanıwın ta`miynlep joqarı ha`m tez pisip jetilisetug`ın o`nimdi ta`miynlewshi bas faktor bolıp esaplanadı.

Na`llerdi siyrekletiwdi g`awasha na`li ko`gerip shıg`ıwdan baslap 1-2 haqıyqıy japıraq da`wirinde tamamlaw kerek. Siyrekletkende shanaqta bir jaqsı rawajlang`an na`ldi qaldırıw kerek.

**Tu`p qalın`lıg`ı**. O`simlik qalın`lıg`ı jerdin` o`nimdarlıg`ına ha`m egiletug`ın g`awasha sortının` biologiyalıq o`zgesheligine qarap belgilenedi. Eger egiletug`ın sort biyik o`setug`ın ha`m shaqalanıwı ku`shli bolsa qatardan qatarg`a o`tlesip ketetug`ın ha`m jerler joqarı o`nimdarlı bolsa qatar arasın 90 sm etip ekken maqul. Eger ortasha boylı qısın`qı shaqalı qatarlar o`tlesip ketpeytug`ın sortlar ortasha ha`m pa`s o`nimdarlı jerlerge egilse qatar araların 60 sm etip ekken maqsetke muwapıq keledi. Gektarına 100-120 mın` tu`p do`gereginde na`l qaldırg`an maqul. Sebebi terimge deyin bul na`llerdin` keminde 10-15 protsenti ta`rbiya da`wirinde zıyanlanıp kemeyedi.

**Qatıwashqa qarsı gu`res**. Egisten keyin jawın bolıp, qatıwash payda bolsa, tezlik penen topıraq beti tapqa keliwden barlıq qolda bar ku`sh penen zigzag tırması, motıla ha`m t.b. qurallar menen qatıwash joq etiw kerek. Keshiktirilse g`awasha na`li jaqsı rawajlanbaydı.

**Kul`tivatsiya.** G`awasha ta`rbiyasında en` bir a`hmiyetli agrotexnikalıq ilajg`a g`awashanın` qatar arasın tuwrı islew jatadı. Onın` en` birinshi elementine kul`tivatsiya kiredi. Kul`tivatsiya g`awasha na`linin` qatar arası biliniwden (na`l 75% ko`gerip shıg`ıwdan) baslanıwı ha`m da`slepki o`tkeriwde pıshaqlardı qoyıw menen, al ekinshi kul`tivatsiya isleniwi kerek. G`awashalardı 1-kul`tivatsiyada

pıshaqlardın` teren`ligi 5-7 sm, o`simlikten qashıqlıg`ı 10-12 sm bolıwı kerek. Al keyingilerinde shekti jumısshı organlardın` (naral`niklerdin`) teren`ligi 10-12 sm, ortalıg`ı organlardın` teren`ligi 14-16 sm bolg`anı maqul. G`awasha na`llerin topıraq penen ko`mip ketpeytug`ınday etip kul`tivatordın` organların durıs ornatıw kerek. Al suwdan keyin da`slep tırma o`tkerilip, keyin tezlik penen kul`tivatsiya o`tkerilgen maqul. Bunda shetki jumısshı organlardın` teren`ligi 12-16 sm, al ortadag`ı jumısshı organlardın` teren`ligi 16-20 sm. Suwdan keyingi 2-kul`tivatsiyada bolsa shetki jumısshı organlardın` teren`ligi o`zgermeydi, al ortadag`ı jumısshı organlardın` teren`ligi ja`ne 2 sm ge ko`beytiw kerek. Eger qatar arası 90 sm etip egilgen g`awashalarda bolsa tek ortadag`ı jumısshı organlardın` teren`liginin` 2-3 sm ge ko`beytiliwi kerek. Shetki jumısshı organlardın` teren`ligi, g`awashadan qashıqlıg`ı o`zgermeydi.

**Azıqlandırıw**. G`awashanı o`siriw da`wirinde azıqlandırıw agroximiyalıq kartogramma tiykarında azot, fosfor, kaliy to`ginlerinin` bir-birinin` qatnasın 1:0.7:0.5 mug`darına keltirip topıraq o`nimdarlıg`ına qarap bergen maqul. Bizin` topıraq jag`dayımızda g`awashadan ortasha 30-35 tsentner o`nim alıw ushın gektarına taza halda azot 250, fosfor 175 ha`m kaliy 125 kg beriliwi kerek.

Egis aldı topıraqtı islew waqtında su`rim astına fosfor to`gini berilmegen bolsa, onın` jıllıq normasının` 75 protsentin, kaliy to`gininin` 50% eger topıraq jabayı sho`pten taza bolsa kebirli bolmasa azottın` 25% bergen durıs boladı. O`z waqtında azıqlandırıwdın` a`hsmiyeti u`lken. Eger azıqlandırıw waqtınan 4-5 ku`nge keshikse, onda ol paxta o`z waqtınan 13-15 ku`n kesh pisedi.

1-azıqlandırıwdı g`awasha o`simligi 3-4 japıraq payda etken da`wirde. 2-azıqlandırıwdı g`umshalaw da`wirinde. 3-sin gu`llew da`wirinde o`tkerilgen maqul.

1-azıqlandırıwda azot to`gininin` normasının` 25 protsentin, fosfordın` 25-30% o`simlikten 10 sm qashıqlıqta, 10-12 sm teren`likte beriliwi kerek. 2-azıqlandırıda azot to`gininin` 25% kaliydin` 50% o`simlikten 15-16 sm qashıqlıqta, 12-14 sm teren`likte beriliwi kerek. Al 3-azıqlandırıwda azottın` qalg`an 25% qatardan 16-20 sm qashıqlıqta beriw kerek.

Azıqlandırıwdı 10-15 iyulge barlıq jerlerde tamamlaw lazım.

**Suwg`arıw.** G`awashanı durıs, waqıtnda suwg`arıwdın` roli og`ada u`lken, g`awashanı sho`lletip alıw da, artıq bastırıp suwg`arıw da birdey zıyanlı. Sonlıqtan mexanikalıq sostavı boyınsha jen`il topıraqlarda 1-2-1 sxemasında gektarına 600-700, 800-900 ha`m 600-700 kubometr suw berip suwg`arıw paydalı. Al ortasha ha`m awır topıraqlı jerlerde bolsa 1-2-0 yamasa 1-3-0 sxemasında gektarına 700-800 ha`m 900-1000 kubometr suw menen suwg`arılg`anı durıs.

Birinshi suwg`arıwg`a tu`slik rayonlarda iyun` ayının` baslarında, al arqa rayonlarda bolsa 10-15 iyunnan baslap kirisiliwi kerek. Jen`il topıraqlı jerlerde suwg`arıw menen aralıg`ı 12-14 ku`n, al ortasha ha`m awır topıraqlı jerlerde 18-20 ku`n bolg`anı maqul.

Jerdin` teisligine topıraqtın` awır jen`illigine qarap ha`r bir 80-100 metrden oq qarıq alıw kerek.

G`awashanı o`siw da`wirinde hawa ju`da` ıssı bolsa suwg`arıwdı 25-avgustqa barıp toqtatıw kerek. Sol na`rseni umıtpaw kerek, 1-suwg`arıw menen 2-suwg`arıw aralıg`ında g`awashalardı shu`digarg`a 10-12 ku`n qoyg`an maqul. Bul jag`dayda g`awasha o`simligi erte pisetug`ın o`nim toplaydı.

**G`awashanı shırpıw**. G`awashanı shırpıwdı tu`slik rayonlarda ha`r bir o`simlik 14-15 shaqa payda bolg`anda, al arqa rayonlarda 12-13 shaqa payda bolg`annan baslap tez ku`n ishinde tamamlaw kerek. Bul da`wir shama menen 20-iyuldan 5-avgust aralıg`ında tuwrı keledi. G`awasha o`z waqtında shırpılsa o`siwden toqtap miywe elementleri rawajlanadı, pisiwi tezlesedi. Shırpıw o`tkerilgen g`awashanın` japırag`ı defolyatsiya islegende tez tu`sedi.

**Defolyatsiya**. Defolyatsiya xlorat magniy menen o`tkerilgende g`awasha o`simliginin` ortasha eki u`sh g`o`regi ashılg`anda baslanıp, norması ortasha rawajlang`an g`awashalarda ha`m erte mu`ddette o`tkerilgende 8-9 kg bolıwı kerek. Al ku`shli rawajlang`an g`awashalarda ha`m kesh mu`ddetlerde o`tkerilgende norması 10-12 kg bolg`anı maqul. Bunda traktordın` suyıqlıq quyılatug`ın ıdısına quyar aldında eritpe, u`zliksiz aralastırılıp turlıwı ha`m

normanın` durıs bolıwı sha`rt. Hawa temperaturası to`menlegen sayın defolyatsiya paydası kemeyip baradı.

## 3.4. Ta`jiriybe atızında g`awasha na`linin` ko`gerip shıg`ıw dinamikası

Na`l shigit egilgennen keyin 6-shi ku`ni ko`gerip shıg`a basladı. Na`ldin` ko`geriwshen`ligi gektarına 40 tonnadan organikalıq to`gin qollanılg`an 2 ha`m 6 variantlarda biraz joqarı boldı.

Organikalıq to`ginnin` bul mug`darı topıraqtın` suw ha`m ıssılıq rejimin jaqsılaydı. Bul o`z gezeginde na`ldin` tez ko`gerip shıg`ıwına unamlı ta`sir etedi.

Na`ldin` az sanlı ko`rsetkishi to`gin qollanılmag`an 1 variantta gu`zetiledi. Baqlawdın` da`slepki ku`ninde variantlar boyınsha 1 p/m jerde 1,0-4,5 dana na`l ko`gergen bolsa, baqlawdın` keyingi ku`ni 20,0-27,0 dana boldı. Barlıq variantlarda ko`gerip shıqqan na`l mug`darı kerekli tu`p sanı ushın jetkilikli.

**Keste 3.4.1**

**Na`ldin` ko`gerip shıg`ıw dinamikası, 1 p.m. dana**

| Variantlar | Baqlaw ku`nleri | | | |
|---|---|---|---|---|
| | 8.V | 10.V | 12.V | 14.V |
| 1 | 1,0 | 4,5 | 17,0 | 20,0 |
| 2 | 2,5 | 11,5 | 19,5 | 26,0 |
| 3 | 2,5 | 9,5 | 17,0 | 24,0 |
| 4 | 1,5 | 10,0 | 16,0 | 23,5 |
| 5 | 1,0 | 9,5 | 15,1 | 24,0 |
| 6 | 4,5 | 13,0 | 20,0 | 27,0 |

## 3.5. G`awashanın` o`siwi ha`m rawajlanıwına organikalıq to`ginnin` ta`siri

G`awashanın` o`siwi ha`m rawajlanıwına organikalıq ha`m mineral to`ginlerdin` ta`sirin anıqlaw ushın 1 avgust ha`m 1 sentyabrde fenologiyalıq baqlaw ju`rgizdik, bunda bas paxal biyikligi, shaqa ha`m go`rek sanı anıqlandı.

Baqlaw aldın-ala belgilengen 25 o`simlikte ha`r bir variantta eki qaytalamada alıp barıldı. 3.5.1 sanlı kestede 1 sentyabrge variantlar boyınsha 65,0-93,5 sm boldı, miywe shaqaları sanı 7,0-13,5 dana ha`m g`o`rekler sanı 6,5-10,5 dana boldı. Kestede ko`rinip turg`anınday en` to`men ko`rsetkish 1 variantta, yag`nıy to`gin qollanılmag`anda gu`zetildi. Bunda o`simlik topıraqta bar bolg`an ta`biyg`ıy azıq elmenetlerinen paydalanadı.

Barlıq ko`rsetkishler boyınsha 2 variant artıqshalıqqa iye, bul jerde gektarına 40 tonna organikalıq to`gin ha`m N 60, P 40 ha`m K 30 kg mug`darında mineral to`gindi birge qollanıldı. 3, 4 ha`m 5 variantlar korsetkishleri boyınsha bir birine jaqın. Tek gektarına 40 tonna mug`darında organikalıq to`gin qollanılg`an 6-variant korsetkishleri 1 varianttan basqa variantlar menen derlik ten` boldı.

G`awashanın` o`siwi ha`m rawajlanıwı boyınsha mag`lıwmatlar 3.5.1 kestede keltirilgen.

Qollanılg`an to`gin tu`ri ha`m mug`dar g`o`reklerdin` pisiw tezligine de ta`sir etedi. G`o`reklerdin` pisiw tezligin anıqlaw ushın etiketka qıstırılg`an o`simlikler ashılg`an g`o`rekler ku`n ara sanap turıldı.

G`o`reklerdin` ashılıwı to`gin berilmegen 1-varianttan baslandı. Baqlaw ju`rgiziwdin` birinshi ku`ni (31.VIII) ashılg`an g`o`rekler 11,0% ti qurag`an bolsa, bul ku`ni basqa variantlarda ashılg`an g`o`rek bolmadı. 5-sentyabrge ashılg`an g`o`rekler sanı variantlar boyınsha 14,0-27,0% boldı.

**Keste 3.5.1**

**G`awashanın` o`siwi ha`m rawajlanıwına organikalıq to`ginnin` ta`siri.**

| Variantlar | 1.VIII-qa | | | 1-IX-ge | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Bas paxal biyikligi, sm | Miywe shaqa sanı, dana | G`o`rek sanı, dana | Bas paxal biyikligi, sm | Miywe shaqa sanı, dana | G`o`rek sanı, dana |
| 1 | 64,5 | 5,5 | 3,2 | 65,0 | 7,0 | 6,5 |
| 2 | 92,5 | 11,0 | 5,0 | 93,5 | 13,5 | 10,5 |
| 3 | 84,5 | 10,5 | 4,5 | 84,0 | 12,0 | 9,4 |
| 4 | 86,0 | 11,0 | 4,0 | 89,0 | 13,0 | 9,0 |
| 5 | 87,5 | 10,0 | 4,5 | 87,0 | 12,0 | 10,1 |
| 6 | 85,0 | 11,0 | 4,0 | 86,0 | 12,5 | 9,5 |

Baqlawdın` keyingi ku`ni (9.IX) variantlar boyınsha ashılg`an g`o`rekler sanı 50,0-62,0% boldı. 3.5.2. kestedegi mag`lıwmatlardın` ko`rsetip turg`anınday mineral to`gin mug`darı artıp barsa g`o`rektin` pisiwi keyinge sozıladı, al mineral to`gin mug`darı kemitilip oragnikalıq to`gin norması artıp barılsa g`o`rektin` pisiwi 6-12% ke tezlesti, al to`gin berilmegen 1-variantta g`o`reklerdin` pisiwi basqa variantlarg`a qarag`anda artıq boldı. Bul o`simlikke azıq elementleri jetispewi sebepli ta`biyg`ıy tu`rde vegetatsiya da`wiri qısqaradı.

G`o`reklerdin` pisiw tezligi 3.5.2 kestede keltirilgen.

Organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darı g`o`rektin` u`lkenligi, yag`nıy bir g`o`rektegi paxtanın` salmag`ına ta`sir etedi.

To`gin berilmegen 1 variantta bir g`o`rektegi paxtanın` salmag`ı 2,9 g boldı.

Bir g`o`rektegi paxtanın` joqarı ko`rsetkishi 2 variantta, yag`nıy gektarına 40 tonna organikalıq to`gin ha`m N 60, P 40, K 30 kg mineral to`gin birgelikte qollang`anda ha`m mineral to`gindi u`lken normada qollanılg`an 5 variantta gu`zetiledi. Bir g`o`rektegi patanın` salmag`ı boyınsha mag`lıwmatlar 3.5.3. kestede keltirilgen.

**Keste 3.5.2**

**G`o`reklerdin` pisiw dinamikası, %**

| Variant lar | Baqlaw ku`nleri | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 31.VIII | 3.IX | 5.IX | 7.IX | 9.IX |
| 1 | 11,0 | 21,5 | 27,0 | 47,0 | 62,0 |
| 2 | - | 7,5 | 14,0 | 34,0 | 58,0 |
| 3 | - | 8,0 | 16,0 | 36,0 | 56,0 |
| 4 | - | 10,0 | 17,5 | 37,0 | 56,0 |
| 5 | 4,0 | 14,0 | 18,5 | 37,0 | 50,0 |
| 6 | - | 8,0 | 18,0 | 42,0 | 58,0 |

**Keste 3.5.3**

**Bir g`o`rektegi paxta salmag`ı, g**

| Variant lar | Terimler | | | Ortasha | Parqı | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | | to`gin berilmegen nen | mineral to`ginge salıstır g`anda | oragnikalıq to`ginge salıstır g`anda |
| 1 | 3,4 | 3,0 | 2,30 | 2,9 | 00 | -2,3 | -1,6 |
| 2 | 5,6 | 5,4 | 4,2 | 5,1 | +2,2 | -0,1 | +0,6 |
| 3 | 5,8 | 4,8 | 3,8 | 4,8 | +1,9 | -0,4 | +0,3 |
| 4 | 5,4 | 4,8 | 4,8 | 5,0 | +2,1 | -0,2 | +0,5 |
| 5 | 5,6 | 5,20 | 4,8 | 5,2 | 2,3 | 00 | +0,7 |
| 6 | 5,0 | 4,8 | 3,8 | 4,5 | +1,6 | -0,7 | 00 |

## 3.6. G`awasha zu`ra`a`tligi

Paxta zu`ra`a`tligi variantlar boyınsha 10,5-30,1 tsentner boldı. To`gin berilgen variantlarda to`gin tu`ri ha`m mug`darına baylanıslı paxta zu`ra`a`tinin` bir-birinen parqı 0,1-3,9 tsentner boldı. To`g`in berilmegen 1 variantta paxta zu`ra`a`ti 10,5 tsentner boldı, al tek organikalıq to`gin berilgen 6 varmantta 26,2 tsentner boldı.

Organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi birgelikte qollanılg`an 2, 3 ha`m 4 variantlarda zu`ra`a`tlilik 30,1-28,4 tsentner boldı.

Paxtadan joqarı zu`ra`a`t alıw menen birge topıraqtın` agrobiologiyalıq ha`m mikrobiologiyalıq ortalıg`ın jaqsılaw ushın gektarına 40 tonna organikalıq to`gin (26,2 tsentner) ha`m 40 tonna organikalıq to`gin menen birge mineral to`ginnin` N 60, P 40 ha`m K 30 kg mug`darında (30,1 tsentner) birgelikte qollanıw kerek.

Topıraqtın` quramında shirindi, yag`nıy organikalıq zat mug`darın ko`beytiw za`ru`r. Bug`an erisiw topıraqtı organikalıq to`gin ha`m o`simlik qaldıqları menen bayıtıw arqalı boladı. Bunın` ushın sharwashılıqtı rawajlandırıw, almaslap egiwdi qollanıw, siderat eginleri maydanın ken`eytiw kerek. Topıraqtan qansha azıq elementleri alınsa, sonsha mug`darda yamasa onnan artıq mug`darda qaytarıwımız kerek. Jer azıq elementleri menen bayıtılmasa joqarı zu`ra`a`t alıw qıyın boladı.

**Keste 3.6.1**

**Organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darına baylanıslı paxta zu`ra`a`ti, ts.ga**

| Variant lar | Terimler | | | | Ulıwma o`nim | Parqı | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | | To`ginsiz variantqa salıstır g`anda | Mineral to`ginge salıstır g`anda | Organikalıq to`ginge salıstır g`anda |
| 1 | 5,8 | 2,7 | 2,0 | - | 10,5 | 00 | -19,5 | -15,7 |
| 2 | 12,1 | 11,0 | 5,0 | 3,0 | 30,1 | 19,6 | +0,1 | +3,9 |
| 3 | 11,0 | 9,5 | 6,0 | 2,5 | 28,5 | 18,0 | -1,5 | +2,3 |
| 4 | 11,0 | 9,5 | 5,6 | 2,3 | 28,4 | 17,9 | -1,6 | +2,2 |
| 5 | 11,5 | 11,0 | 6,0 | 1,5 | 30,0 | 19,5 | 00 | +3,8 |
| 6 | 12,0 | 10,0 | 2,7 | 1,5 | 26,2 | 15,7 | -3,8 | 00 |

Jer shirindi zatlar menen bayıtılsa onın` o`nimdarlıg`ı artadı, o`simlik ushın qolaylı jag`day jaratıladı.

## 3.7. Organikalıq to`ginnin` topıraq o`nimdarlıg`ına ta`siri. Topıraq ko`lem massası ha`m ıg`allıg`ı.

Topıraq ko`lem salmag`ı, ıg`allıqtı saqlaw uqıbı, quramındag`ı azıq elementlerinin` tu`ri ha`m mug`darı, agroximiyalıq, agrofizikalıq ha`m biologiyalıq qa`siyetleri topıraq o`nimdarlıg`ının` ko`rsetkishi esaplandı. Eger topıraq quramında shirindi yamasa organikalıq zat mug`darı qansha ko`p bolsa onın` joqarıda atap o`tilgen ko`rsetkishleri sonsha jaqsı boladı.

Biz topıraqtın` ko`lem salmag`ın anıqlaw ta`jiriybe baslawdan aldın, vegetatsiya basında, ortasında ha`m aqırında topıraq u`lgileri alındı. Topıraq ko`lem salmag`ı vegetatsiya basında variantlar boyınsha 1,30-1,35 g/sm$^3$ boldı ha`m variantlar ortasında aytarlıqtay parq bolmadı.

Vegetatsiya aqırına kelip variantlarda qollanılg`an organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darına baylanıslı topıraq ko`lem salmag`ı bir birinen o`zgeshe boldı. Bunda topıraqtın` tıg`ızlanıwı 1 variantta (to`gin qollanılmag`an) basqa variantlarg`a salıstırg`anda joqarı boldı. Bul variantta vegetatsiya aqırına kelip ba`ha`rgi ko`rsetkishi 0,07 g/sm$^3$ qa arttı, al gektarına 40 tonnaan organikalıq to`gin qollanılg`an 2 ha`m 6 variantlarda bul ko`rsetkish 0,02-0,03 g/sm$^3$ qa ten boldı. Al organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi birgelikte qollanılg`an 3, 4 ha`m 5 variantlarda 0,04-0,06 g/sm$^3$ boldı.

Organikalıq to`gin qollanılg`anda topıraqtın` tıg`ızlanıwı kem, al kerisinshe to`ginsiz ha`m mineral to`ginlerdi qollang`anda joqarı bolatug`ınlıg`ı anıqlandı (keste 3.7.1).

Topıraq ıg`allıg`ı yamasa topıraq quramındag`ı suw mug`darοı ondag`ı organkialıq zat mug`darına tikkeley baylanıslı boldı.

Organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darının` topıraq ıg`alıg`ına ta`sirin anıqlaw ushın vegetatsiya basında, ortasında ha`m aqırında topıraq u`lgileri alınıp anıqlandı.

Vegetatsiya basında topıraq ıg`allıg`ı variantlar boyınsha 17,0-18,1% boldı. Topıraq ıg`allıg`ı vegetatsiya basınan aqırına qaray ha`mme variantlarda kemeyetug`ınlıg`ı gu`zetiledi. Biraq kemeyiw da`rejesi qollanılg`an to`gin tu`ri ha`m mug`darına baylanıslı boldı. Ig`allıqtın` kemeyiwi variantlar boyınsha 4,2-7,0% boldı. Sonnan ıg`allıqtın` ko`birek kemeyiwi 1 variantta, yag`nıy to`gin qollanılmag`an jag`dayda bolatug`ınlıg`ı ha`m mineral to`gin qollanılg`an 3, 4 ha`m 5 variantlarda boldı.

Solay etip organikalıq to`gin mug`darı topıraqtın` suw rejimine unamlı ta`sir etetug`ınlıg`ı anıqlandı. Bul pikirdi tastıyıqlawshı mag`lıwmatlar 3.7.1. kestede keltirilgen.

**Keste 3.7.1**

**Topıraqtın` ko`lem salmag`ı, g/sm$^3$**

**(0-30 sm qatlamda)**

| Var № | Ta`jiriybe den aldın | Vegetatsiya basında | Vegetatsiya ortasında | Vegetatsiya aqırında | Vegetatsiya basınan aqırına qaray o`zgeriwi |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 1,36 | 1,34 | 1,39 | 1,43 | +0,07 |
| 2 | 1,37 | 1,32 | 1,35 | 1,39 | +0,02 |
| 3 | 1,36 | 1,32 | 1,36 | 1,40 | +0,04 |
| 4 | 1,35 | 1,33 | 1,37 | 1,41 | +0,06 |
| 5 | 1,36 | 1,35 | 1,40 | 1,42 | +0,06 |
| 6 | 1,37 | 1,30 | 1,35 | 1,40 | +0,03 |

**Keste 3.7.2**

**Topıraq ıg`alıg`ı, % (0-30 sm qatlamda)**

| Var № | Ta`jiriybe den aldın | Vegetatsiya basında | Vegetatsiya ortasında | Vegetatsiya aqırında | Vegetatsiya basınan aqırına qaray o`zgeriwi |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 18,5 | 17,0 | 15,3 | 11,5 | -7,0 |
| 2 | 18,7 | 18,1 | 16,4 | 14,0 | -4,7 |
| 3 | 19,0 | 17,5 | 15,8 | 14,0 | -5,0 |
| 4 | 18,1 | 17,0 | 15,0 | 12,0 | -6,1 |
| 5 | 18,1 | 17,0 | 15,0 | 12,0 | -6,1 |
| 6 | 19,2 | 18,0 | 17,0 | 15,0 | -4,2 |

## Topıraqtın` azıq rejimi

Topıraqta azıq elementleri qansha ko`p bolsa onın` azıq rejimi jaqsı boladı, yag`nıy o`simliktin` o`siwi, rawajlanıwı jaqsı bolıp zu`ra`a`t joqarı boladı. Biz topıraqtın` azıq rejimine organikalıq to`gin mug`darının` ta`sirin anıqlaw ushın ta`jiriybeden aldın, vegetatsiya basında, ortasında ha`m aqırında topıraq u`lgilerin alıp laboratoriyag`a azıq elementlerin anıqladıq.

3.7.3 keste mag`lıwmatları tastıyıqlap turg`anınday azıq elementleri mug`darı vegetatsiya basınan aqırına qaray kemeyip baradı. Biraq, onın` kemeyiwi topıraqqa berilgen organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darına baylanıslı. To`gin berilmegen 1 variant jag`dayında vegetatsiya aqırına kelip gumus ha`m basqa azıq elementlerinin` en` ko`p kemeyiwi gu`zetiledi.

Gektarına 40 tonna organikalıq to`gin ha`m 40 tonna organikalıq to`gin menen mineral to`gindi birgelikte qollang`anda azıq rejiminin` jaqsı bolıwına jag`day jaratıladı. Juwmag`ında vegetatsiya aqırına kelip bul variantlarda gumus ha`m basqa azıq elementlerinin` az mug`darda kemeyiwine sebepshi boladı.

Variantlar boyınsha azıq elementlerinin` mug`darı haqqında mag`lıwmat 4.3.2.1 kestede keltirilgen.

Topıraqtag`ı shirindi mug`darı vegetatsiya basında 0,710-0,890% bolg`an bolsa, vegetatsiya aqırında 0,600-0,780% boldı, yag`nıy ha`mme variantlarda shirindi (gumus) mug`darının` kemeyiwi gu`zetiledi.

Topıraq o`nimdarlıg`ının` tiykarg`ı ko`rsetkishleinen biri bull topıraq quramındag`ı shirindi (gumus) ha`m basqa azıq elementlerinin` mug`darı esaplanadı. Topıraqqa berilgen organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darı ondag`ı azıq elementleri mug`darın tolıqtıradı. Berilgen mug`dar qansha az bolsa, topıraqtag`ı azıq zapasları sarıplanadı ha`m na`tiyjede topıraq o`nimdarlıg`ı to`menlep ketedi.

**Keste 3.7.3**

**Vegetatsiya da`wirinde gumus (%) ha`m azot, fosfor, kaliy ha`reketshen` formalarının` o`zgeriwi mg/kg.**

| Var № | Gumus | N-$NO_3$ | N-$NH_4$ | $P_2O_5$ | $K_2O$ |
|---|---|---|---|---|---|
| Vegetatsiya basında | | | | | |
| 1 | 0,710 | 30 | 41,0 | 28,0 | 160,0 |
| 2 | 0,890 | 40 | 43,5 | 36,0 | 240,0 |
| 3 | 0,800 | 46 | 40,0 | 34,0 | 240,0 |
| 4 | 0,750 | 48 | 38,0 | 36,0 | 260,0 |
| 5 | 0,710 | 46 | 40,0 | 40,0 | 220,0 |
| 6 | 0,860 | 40 | 40,0 | 38,0 | 220,0 |
| Vegetatsiya ortasında | | | | | |
| 1 | 0,650 | 20 | 30,0 | 26,0 | 140,0 |
| 2 | 0,820 | 30 | 40,0 | 30,0 | 200,0 |
| 3 | 0,780 | 40 | 36,5 | 30,0 | 180,0 |
| 4 | 0,730 | 40 | 38,5 | 34,0 | 200,0 |
| 5 | 0,660 | 42 | 42,5 | 36,0 | 180,0 |
| 6 | 0,820 | 360 | 38,0 | 30,0 | 18,0 |
| Vegetatsiya aqırında | | | | | |
| 1 | 0,600 | 20 | 36,0 | 24,0 | 125 |
| 2 | 0,740 | 40 | 38,5 | 30,0 | 180,0 |
| 3 | 0,720 | 36 | 36,5 | 33,0 | 160,0 |
| 4 | 0,720 | 38 | 36,5 | 35,0 | 160,0 |
| 5 | 0,620 | 40 | 40,0 | 36,0 | 18,0 |
| 6 | 0,780 | 36 | 36,0 | 26,0 | 160,0 |

## 3.8. Topıraq mikroorganizmlerinin` rawajlanıwına organikalıq to`ginnin` ta`siri.

Berilgen organikalıq ha`m mineral to`gin mug`darının` topıraq mikroorganizmlerine ta`sirin anıqlaw ushın topıraq u`lgileri alınıp laboratoriya jag`dayında anıqlandı.

3.8.1. keste mag`lıwmatlarında ko`rinip turg`anınday ta`jiriybeden aldın paxta atızındag`ı mikroorganizmler sanı az. Organikalıq to`gin berilgennen keyin topıraqtag`ı mikroorganizmler sanı arttı. En` ko`p artıwı organikalıq to`gin qollanılg`an 2, 3, 4 ha`m 6 variantlarda ju`zege keldi. To`gin berilmegen 1 variantta vegetatsiya aqırında mikrorganizmler sanı 1 g topıraqta 8,0 mln kl, tek mineral to`g`in qollanılg`an 5 variantta 10,5 mln. kl bolg`an bolsa, bul ko`rsetkishler organikalıq to`gin qollanılg`an 2, 3, 4 ha`m 6 variantlarda 20,0-30,0 mln. kl boldı.

Organikalıq to`gin topıraq o`nimdarlıg`ın, zu`ra`a`tlilikti arttıradı ha`m topıraqtın` mikrobiologiyalıq jedelligin arttıradı. Topıraqta mikroorganizmler sanının` artıwı topıraqtın` jaqsı awhalda ekeninen derek beredi. Topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıw, o`simlik ushın qolaylı jag`day jaratıw ushın topıraqqa ha`r jılı organikalıq to`gin beriliwi kerek.

**Keste 3.8.1**

**Organikalıq to`gin mug`darına baylanıslı topıraq mikrorganizmleri, mln.** kl

| Variantlar | Mikroorganizmlerdin` ulıwma sanı | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Ta`jiriybege shekem | Vegetatsiya basında | Vegetatsiya ortasında | Vegetatsiya aqırında |
| 1 | 7,5 | 10,0 | 10,0 | 8,0 |
| 2 | 8,0 | 32,0 | 34,0 | 30,0 |
| 3 | 10,0 | 26,0 | 28,0 | 22,0 |
| 4 | 9,0 | 22,0 | 25,0 | 20,0 |
| 5 | 11,0 | 14,0 | 13,0 | 10,5 |
| 6 | 8,0 | 30,0 | 32,0 | 26,0 |

# IV. JUWMAQLAR

1. Qaraqalpaqstan Respublikası egislik jerlerinin` topıraqları quramında shirindi (gumus) az bolıwı menen o`zgeshelenedi, shorlang`an, ko`pshilik jag`dayda strukturası to`men.

2. Bul topıraqlardın` ta`biyg`ıy o`nimdarlıg`ı esabınan g`awasha 10 tsentner mug`darında o`nim beriw mu`mkinshiligi bar.

3. G`awashadan joqarı zu`ra`a`t alıw ushın organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi qollanıw za`ru`r.

4. Organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi birgelikte qollanıw qolaylı azıq rejimin payda etiwge qolaylı ta`sir etedi, azıq elementlerin o`simlikler jen`il o`zlestiredi.

5. G`awashanın` jaqsı o`siwi, rawajlanıwı ha`m zu`ra`a`t toplawı ushın organikalıq to`gindi 40 ha`m 30 tonna mug`darında mineral to`gin menen birge qollanılg`anda gu`ztiledi.

6. Bir gektarg`a 40 t esabınan tek organikalıq (var. 6) to`gindi qollanıw 26,2 tsentner, gektarına 40 ha`m 30 tonna (var. 2.3) organikalıq to`gindi mineral to`gin menen az normada qollanıw 30,1-28,5 tsentner o`nim alıwdı ta`miyinledi. Bul usıl ekonomikalıq ha`m ekologiyalıq jaqtan paydalı esaplanadı.

7. Topıraqtın` agrofizikalıq, agroximiyalıq ha`m mikrobiologiyalıq ko`rsetkishleri gektarına 40 tonna organkialıq to`gin (6 variant) ha`m 30, 40 tonna organikalıq to`gin (variant 2, 3) mineral to`gin menen birgelikte qollanılg`anda joqarı boldı.

8. Gektarına organikalıq to`gindi 40 tonna esabınan qollanılg`anda vegetatsiya basınan aqırına qaray basqa variantlarg`a salıstırg`anda azıq elementleri az kemeyetug`ınlıg`ı anıqlandı.

9. G`awasha egiletug`ın atızlarda topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıw ushın gektarına 40 tonna esabınan organkialıq to`gin yamasa usı mug`dardag`ı organikalıq to`gindi mineral to`gin menen birgelikte qollanıw ha`r ta`repleme qolaylı esaplanadı.

# V. İNSAN O`MİRİ QA`WİPSİZLİGİN QORG`AW

İnsannın` o`ndiristi basqarıwda tiykarg`ı ku`sh ekenligi esapqa alınıp, onın` qa`wipsizligin ha`m den sawlıg`ın saqlaw tiykarg`ı ha`m a`hmiyetli ma`sele bolıp tabıladı. Sonın` ushında sanaat ka`rxanalarında o`nim jetistiriw protsessinde o`ndiris sharayatın jaqsılaw, o`ndiriste jaraqatlanıw ha`m qa`nigelik (ka`siplik) keselliklerdin` kelip shıg`ıw mu`mkinliklerin joq etiw, sonday-aq jumıs waqtında adamlardın` sharshamay, kesel bolmay islew mu`mkinshiliklerin tuwdırıwg`a ha`reket etiw kerek.

Sanaat ka`rxanalarında sanitariya-gigiena sharayatların ta`miynlew, awır qol ku`shi menen orınlanatug`ın miynetti saplastırıw ha`m ka`siplik keselliklerdi pu`tinley joq etiw ilajların iske asırıw kerek, yag`nıy miynet etiw tek jasaw sha`rti bolıp qalmastan, tirishilik talabı bolıp qalıwı kerek.

O`zbekstan Respublikası insan o`miri qa`wipsizligin huqıqıy, texnikalıq ha`m sanitariya-gigiena qag`ıydaları menen belgilep qoyılg`an nızamlar qabıl qılıng`an ha`m jan`adan usınıs qılıng`an qag`ıydalar ulıwma ja`ha`n talapları da`rejesinde islep shıg`ılmaqta.

Ha`r qanday demokratik ja`miyette, ja`miyettin` rawajlanıwı qay da`rejede bolıwına qaramastan, o`zinin` huqıqıy talaplarınan kelip shıg`ıp ha`m insan huqıqların qorg`awg`a tiykarlang`an nızam bolıwı za`ru`r. Bul nızam da`slep insan huqıqların qorg`awı, sonın` menen birge sotsial ekonomikalıq huqıqların da qorg`awı kerek.

Respublika miynet nızamlarında jaslardın` miynetin qorg`awg`a ayrıqsha itibar bo`linedi. Miynet nızamlarına tiykarlanıp 16 jasqa tolmag`an o`spirimler jumısqa qabıl etilmeydi.

Miynet nızamların, qa`wipsizlik texnikası ha`m sanaat sanitariyası ta`rtip ha`m qag`ıydaların buzg`an ha`m ja`miyet sha`rtnamasında ko`rsetilgen jumıs jag`dayların jaqsılaw ilajların ko`rmegen ka`rxana isshileri juwapkershilikke tartıladı.

Awıl xojalıg`ında traktor agrotexnikalarınan egis, jer islewde, to`gin beriwde h.t.b. qollanıladı. Bul mashinalardı ekspluatatsiyalaw atızda qollanılatug`ın

mashinalardan praq etiwshi spetsifikalıq ayırmashılıqqa iye. Bul jumıs tu`rlerinin` miynet qa`wipsizligi mashina ha`m mexanizmlerdin` tex texnikalıq jag`dayına baylanıslı emes, al miynetti sho`lkemlestiriw jag`dayına da baylanıslı. A`sirese, bir neshe adam birigip isleytug`ın jerlerde. Jumıslar basshı yamasa basqa qa`niyge ta`repinen tastıyıqlang`an qayta islew texnologiyasına sa`ykes orınlanadı.

Administratsiya jumıslardı tayarlawdı sho`lkemlestiriwdi ha`m jumıs qa`wipsizligine juwapker adamdı bekitiw kerek. Onın` tiykarg`ı wazıypaları: jumıslardı orınlaw ushın maydanshanı saylaw, jaylasıw ha`m og`an transportlardın` ha`m ju`klewshi u`skenelerdin` barıwının` ratsional sxemasın du`ziw, qozg`alıs tezligin tallaw, jumıstın` qa`wipsizligin qabıllawda jumısshılardın` instruktajı, u`lken jumısshını saylaw ha`m onın` wazıypaların anıqlaw, jumıs barısı haqqında sistematikalıq baqlaw. Atızdı egiske tayarlaw boyınsha jumıstı tek jarıq waqıtta islew kerek. Skirderdi bezew biyiklikte o`tkeriledi, bul xızmet etiwshi personalg`a ayrıqsha talaplardı qoyadı. Jumıstan aldın ha`mme skirdopravlar biyiklikte islewge jaramlılıg`ı haqqında meditsinalıq ko`rikten o`tiwi kerek. Juwapker adam jumısshılardı on`lawshı instrumentler ha`mde qondırmalı yamasa jipli teksheler menen ta`miyinlewi kerek.

Grabel` reshetkasında ju`gi bar stagometatel`din` qozg`alıw tezligi 3 km/s aspawı kerek, ju`ksiz 17 km/s.

Bir waqıtta skirdta atlı skirdopravlardan ko`p bolmawı kerek, olar skirdtın` qaptalınan 1,5 ha`m 3 m aralıg`ında bolıwı kerek.

Da`ndi jıynaw ha`m onın` u`yindilerin tayarlawda skladqa-saqlawxanalarg`a basshı etip, ju`klewshi agregatta islewshi mexanizator saylanadı. Ja`rdemshi etip 18 jastan kishi emes adamdı alıw mu`mkin. Massalarda trambovkalaw ushın tek gusenitsallı traktorlardı paydalanıwg`a boladı. Bir waqıtta transheyanın` eni 12 m kem bolmag`anda eki traktor isletiwge boladı.

Silos tayarlawda dıqqattı ju`klewshi u`skenelerdin` texnikalıq jag`dayına qaratıw kerek. Olar bir usılda transport u`skenelerinin` platformasınan massanın` (bekkemligin) tıg`ızlıg`ın ta`miyinlew kerek, bunda trostın` uzınlıg`ı traktordın` tıg`ızlawshı (prisposobleniesine) shekem 4, 6 m bolıwı kerek. Eger tıg`ızlaw ushın

brus yamasa setka qollanılsa, onda trostın` aqırına ilmek qatırıw kerek. Qoldı zıyanlamaw ushın trostın` aqırına sarı tu`rge boyalg`an 0,5 m uzınlıqtag`ı brezent penen tigip qoyamız.

Awıl-xojalıq o`ndiris praktikasında jemdi tayarlawda jan`a texnologiya-senaj tarqaldı. Ta`jiriybe ko`rsetkenindey, senaj bashnyaların qa`te ekspluatatsiyalawda avariya jag`dayları kelip shıg`ıwı mu`mkin. Olardın` tiykarg`ı sebepleri: qorg`anıw usıllarının` bolmawınan jumısshılardın` biyiklikten qulawı, biyiklikten ha`r qıylı a`spablardın`, konstruktsiyalardın` qulawı. Bunnan tısqarı, este tutıw kerek, sena bashnyaların ekspuatatsiyalawda fermentatsiya waqtında zıyanlı gazler (uglerod okisi) bo`lip shıg`arıladı. Senaj bashnyalarında jumıs islewge eki operator-nakladchiklerdi saylaw kerek: olardın` birewi u`lkeni etip saylanadı. Operator-nakladchik jumısına 18 jastan kem bolmag`an, 30 m ba`lentlikte islewge jaramlı ekenliginen meditsinalıq ko`rikten o`tken, belgilengen hu`jjeti bar adam alındı.

Jawın-shashın waqtında bashnyada jumıs toqtatıladı ha`m islewshi adam 50 m aralıqta turıwı kerek. Zıyanlı ha`m qa`wipli ta`sirlerden qorg`anıw ushın senaj bashnyasında islewshi adamdı qorg`anıw usılları menen ta`miyinlew kerek. Patronlı fil`trlewshi protivogaz ha`m shlangalı protivogaz PSh-1. Ba`lentlikten qulawdan qorg`anıw ushın qorg`anıwshı poyaslar bolıwı kerek.

Jem tayarlawshı mashinalarda material qol ja`rdemisiz kesiwshi maydalawshı organlarg`a, materialdı bir tegis etip tu`siriwshi jetkeriwshiler ja`rdeminde jiberiliwi kerek. Jem maydalag`ısh islep turg`an waqıtta avariya rabochiy disktin` balansirovkası to`men bolg`anlıqtan bolıwı mu`mkin. Barabannın` statikalıq ha`m dinamikalıq balansirovkasın balansirovkalawshı stanoklarda o`tkeriledi. Jasıl iri emlerdi bunker-toplag`ıshtan bir tegis jetkerip beriwde islewshi 1 m ba`lentlikte qorshalg`an ja`rdemshi maydanshalarda bolıwı kerek. Ku`yip qalıwdı boldırmaw ushın iri jemlerdi parlaw, ju`klew ha`m transportirovkalaw jumısların tek arnawlı kiyimlerden ha`m ko`z a`yneklerden paydalanıp islewi kerek.

U`lken biyikliktegi ha`m sıyımlılıqtag`ı parlawshı chanlardan qa`wipsiz paydalanıw ushın perilalı tekshelerden ha`m qorg`anıwshı lyuklardan paydalanıw kerek. To`gindi jıynaw u`skenelerinen paydalang`anda qa`wipsizlik sharaları.

Mexanizm ha`m u`skenelerdi proektke sa`ykes bekkem fundament ha`m tiykarlarda ornatadı. Fundamentti betonnan yamasa gerbishten sog`adı. U`skenenin` astına fundamentti gerbishten soqqanda tek g`ana suwdın` ko`leminen joqarı qılıp jandırılg`an gerbishten sog`ıwg`a boladı. Selikat gerbishten paydalanıwg`a bolmaydı.

# VI. PAYDALANILG`AN A`DEBİYATLAR


| | | |
|---|---|---|
| 1. | Karimov İ.A. | 2012 jılda O`zbekstandı sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdın` en` a`hmiyetli bag`darlarına bag`ıshlang`an Ministrler Kabinetinin` ma`jilisindegi "2012 jıl Watanımızdın` rawajlanıwın jan`a basqıshqa ko`teretug`ın jıl boladı" atlı bayanatı. g.Erkin Qaraqalpaqstan №50 24-aprel` 2012 j. |
| 2. | Absattarov N. | "Qaraqalpaqstan sharayatında biologiyalıq to`ginlerden paydalanıw abzallıqları" Sb. Nauchnıx trudov. N.F.TashGAU Nukus, 2006 |
| 3. | Aytımbetov A. | Jon`ıshqanı aralas egiwdin` a`hmiyeti KKNİİZ miynetleri. T. 1978 j |
| 4. | Begmatov R | G`awasha qatar arasın islewdin` sanı. T. 1989 j |
| 5. | Bawetdinov T., Tajibaev S., Bawetdinov S. | "Qaraqalpaqstanda fosforit ha`m glaukanit tiykarında NPK to`gin alıwdın` texnologiyası" TashMAU N.F. ilimiy miynetleri. No`kis, 2005 j |
| 6. | Sultaniyazov T. | Mineral to`gin normalarının` tu`p sanına baylanısı KKNİİZ miynetleri. T. 1979 j |
| 7. | Sultaniyazov T. | "Gustota sostoyanie i dozı mineral`nıx udobreniy" Otchet KKNİİZ 1979 g. |
| 8. | Eshmuratov T. | Organikalıq ha`m mineral to`ginlerdi qollanıw QQDİİİ esabatı. 1987 j. |
| 9. | Eshmuratov T. | Effektivnost` MFU na xlopchatnike Nauchnıy otchyot KKNİİZ 1983 g |
| 10. | Jalimbetov A. | "Qaraqalpaqstanda shigit egiwdin` optimal mu`ddetleri" QQDİİİ miynetleri. Tashkent 1992 j |
| 11. | Jienbekov S. | "Effektivnost` doz mineral`nıx udobreiy na produktivnost` xlopchatnika". Otchyot KKNİİZ 1980 g. |
| 12. | Jienbekov S. | Organikalıq to`gindi qollanıw mu`ddetleri. QQDİİİ esabatı. 1986 j. |
| 13. | Jollıbekov E. | Blontenov texnologiyanın` a`hmiyeti ilimiy esabat. No`kis 2008 |
| 14. | Kondratyuk V.P. | "Obrabotka pochvı pod posev xlopchatnika v Sredniy Azii" T. 1972 g |
| 15. | Qulmagambetov N. | Primenenie simpilafativ na pochevax xlopchatnika. Otchyot KKNİİZ 1979 g |
| 16. | Madreymova A. | Effektivnost` fosfornıx udobreniy. Otchyot KKNİİZ 1983 g |
| 17. | Mednis M.P. | Rejim orosheniya i gustota stoyaniya xlopchatnika. T. 1973 g. |
| 18. | Mamedov K., İbragimova R., | Topıraqtı islewdin` mikroorganizmlerge ta`siri. Xlokovodstvo. №4 1980 j. |

| | | |
|---|---|---|
| | Rzaeva G. | |
| 19. | Muxammedjanov M.V., Suleymanov S. | Effektivnost` glubokoy raspashki lyutsernı. Trudı UzNİXİ T. 1991 |
| 20. | Naumov S.A. | Topıraqtı islew teoriyasın rawajlandırıw. Zemledelie j. 1981 j. №2 |
| 21. | Nurjanov K. | Organikalıq to`gindi qollanıwdın` a`hmiyeti. QQDİİİ esabatı. 1986 |
| 22. | Pryanishnikov D.N. | Sevooborot i ego znachenie v podnyat urojaya G.Z.M kolos 1965 g. |
| 23. | Tursınxodjaev Z.S. | Nachunıe osnovı sevooborotov v Golodnıy stepi. T. fak. 1972 g. |
| 24. | İsmaylov U.E. | Nauchnıe osnovı povısheniya plodarodiya pochvı Nukus. Bilim 2004 g. |
| 25. | İsmaylov U.E. | Puti povısheniya effektivnosti xlopkovıx sevooborotov. Otchyot KKNİİZ 1985 g. |
| 26. | İsmaylov U.E. | "Paxtashılıqta almaslap egiwdin` a`hmiyeti" No`kis. Qaraqalpaqstan. 1989 j. |
| 27. | İsmaylov U.E. | Topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıwdın` ilimiy tiykarları. No`kis. 2004 j. |
| 28. | İsmaylov U.E. | Diyxanshılıqtı biologiyalıq ju`ritiw jolları. QQDİİİ esabatı. 1995 j. |
| 29. | İsmaylov U.E, Erg`abulov J. | "G`awashadan joqarı zu`ra`a`t alıw ilajları" No`kis Bilim 2003 j. |
| 30. | İsmaylov U.E. | "Qubla Aral jag`alawlarında topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıwdın` ilimiy tiykarları" Avtoreferat. Tashkent. 1995 j. |
| 31. | İsmaylov U.E., Seytnazarov S. | Diyxanshılıq mashqalaları ha`m olardı sheshiw jolları. No`kis. 2010 j. |
| 32. | İsmaylov U.E, To`reev A. | Topıraq o`nimdarlıg`ın ha`m zu`ra`a`tligin arttırıw ilajları. No`kis. Bilim. 2009 j. |
| 33. | İsmaylov M., Valieva A. | Topıraq o`nimdarlıg`ın arttırıwdın` ilimiy tiykarları. No`kis. Bilim 2009 j |
| 34. | İsmailov U.E. | Diyqanshılıq. No`kis. Bilim. 2012 j. |
| 35. | İsmailov U.E. | G`awasha agrotexnikası. No`kis. Bilim. 2013 j. |
| 36. | Umarova D., Besedin P.N., Mirzajanov K. | Boz topıraqlardın` o`nim beriw qa`bileti. T. Fan 1990 j. |
| 37. | Urazmatov N. | Ferg`ana oypatında jerdi paydalanıwdın` ilimiy tiykarları. Avtorefet T. 1992 j. |